



WÒCH NAN SOLEY:

FASON YO REFIZE MOUN DWA YO POU JWENN DLO AN AYITI



***Wòch nan Soley: Fason yo refize
moun dwa yo pou jwenn dlo an Ayiti***

Tab Kontni

Entwodiksyon	3
I. POLITIK POUWWA.....	6
A. YON NASYON KI AN DANJE: PWA LISTWA AK SITIYASYON JODI A	6
B. YON ERITAJ DET: YON TI KOUTJE SOU AYITI JOUNEN JODI A.....	7
II. PRE-LAJAN AK DLO: KONEKSYON BANK ENTE-AMERIKEN POU DEVLOPMAN (BID) 8	
A. APESI SOU BANK ENTE-AMERIKEN POU DEVLOPMAN (BID)	8
B. PRÈ LAJAN POU SEKTÈ SOSYAL AYITI.....	8
III. YON SISTÈM DLO KI PA TRAVAY AN AYITI	10
A. Sistèm nasyonal dlo Ayiti.....	10
B. REFÒM NAN SEKTÈ DLO A.....	12
C. SISTEM DLO NAN PODPE (PORT-DE-PAIX).....	13
D. ETA/ESTATI PRÈ BID YO	15
IV. FOKIS KOMINOTÈ: ETID SOU DWA POU JWENN DLO NAN PÒDPÈ (PORT-DE-PAIX) ..	15
A. ENTRODIKSYON.....	15
B. METOD.....	16
1. Ankèt nan kay yo	16
2. Diskisyon an gwooup sou yon sijè.....	16
3. Entèvyou an pwofondè istwa medikal	17
4. Analiz kalite dlo a	17
C. REZILTA.....	17
V. DWA POU JWENN DLO: ORIJIN AK SA KI DI NAN LALWA SOU SA.....	22
A. DWA POU JWENN DLO PA PARET AKLE NAN KONSTITISYON AYISYEN AN	22
1. Dwa pou jwenn dlo nan trete entenasyonal yo	23
2. Dwa pou jwenn Dlo nan Lwa Koutimye Entenasyonal	23
VI. OBLIGASYON LETA YO POU PWOTEJE DWA AYISYEN POU JWENN DLO	23
A. KALITE DEVWA YO	24
B. OBLIGASYON GOUVENMAN AYITI	24
C. OBLIGASYON KOMINOTE ENTENASYONAL LA	25
VII. REKOMANDASYON: ADOpte YON APWOCH KI BAZE SOU DWA MOUN	27
A. APWOCH KI CHITA SOU RESPEDWA MOUN.....	27
B. APWOCH PWOJE DLO KI BAZE SOU DWA AN AYITI	29

Entwodiksyon

Wòch nan dlo pa konnen doulè wòch nan soley.
- Pwovéb

Rapò sa-a se se yon vèsyon rezime yon rapò ki te soti nan mwa jen 2008, e ki se rezulta plizyè ane travay pou ekzamine jan li difisil pou reyalize dwa pou moun jwenn dlo ak sèvis lasante an Ayiti.¹ Rapò sa-a dedye a pèp ayisyen an, ki gen dwa pou li jwenn dlo pwòp, lasante, manje ak diyite, menmsi yo viv nan yonn nan peyi ki pi pòv nan lemonn. Rapò sa-a dedye a pèp ayisyen an ke yo souvan trete tankou viktim ki merite charite, men raman ouswa yo pa janm trete yo tankou moun yo pa ta sipoze sabote dwa yo akoz ajanda politik oubyen lòt motif enstitisyon deyò ak leta etranje.

Kat (4) òganizasyon ki ekri rapò sa-a te travay ansanm pandan plizyè lane pou dekouvri epi denonse aksyon peyi, enstitisyon, ak òganizasyon gouvènmantal oubyen non-gouvènmantal yo ki kanpe nan mitan wout pou anpeche Ayisyen jwi dwa yo. Sa nou dekouvri, ak a rezulta presi atik sa a demontre – se ke nan peyi tankou Ayiti kote leta pa gen mwayen pou li reponn a dwa moun nan mitan popilasyon an, anpil fwa lòt gwoup, lòt enstitisyon ki dispoze plis mwayen, kapab ekzèse plis pouvwa pase leta. Atik sa a demontre kijan gwoup pisan sa yo genyen obligasyon yo dwe respekte tou. Motivasyon pou travay nou sou dwa pou moun jwenn dlo soti nan yon konstatasyon enkyetan, ki montre ke aksyon kèk gouvènman, kèk enstitisyon ak lòt aktè ki pa gen otorite leta, anpil fwa konn bloke dwa ayisyen ak kapasite leta ayisyen pou garanti dwa sa yo, pami yo dwa pou yo jwenn dlo.

Byen ke Etazini gen yon tradisyon byen dokimante ap entèvni nan zafè politik ak ekonomik Ayiti, yonn nan ekzanp malfezans Etazini ki pi grav ki sot rive nan dènye ane yo, se aksyon li pou te rive bloke prè Bank Entèraameriken pou Devlòpman (BID) te pral bay Ayiti. Wòl BID se bay sipò devlòpman ak sipò finansye bay peyi manm li yo ki nan Emisfè Oksidental la. Antanke manm BID epi paske se yonn nan peyi ki pi pòv nan rejyon an, Ayiti te toujou yon kandida privileye pou resevwa prè BID yo.

Nan mwa jiyè 1998, BID te fin apwouve yon prè \$54 milion dola ameriken pou gouvènman ayisyen an te ka ekzekite pwogram dlo potab ak sèvis amelyorasyon sanitè. Yonn nan objektif prè sa yo se te amelyore sèvis dlo potab ak sèvis sanitasyon, e pou te etabli kad pou devlopman sèvis sanitè. Dokiman oriijinal pou prè yo te detèmine 2 kominote an Ayiti ki te pral resevwa asistans pou jwen dlo potab: Okay ak Pòdpè (Port-de-Paix). BID te fè rechèch apwofondi sou sistèm tou de minisipalite sa yo an 1997, kote yo te konsantre sou konsekans move fonksyonman sistèm dlo piblik sa yo e yo te fè pwojèksyon ke anpil nan pwoblèm sante sa yo te pral redwi si yo te ekzekite pwojè dlo BID te finanse yo.

Apati pwòp bilan pa yo, ofisyèl BID yo te kwè konsekans sosyal ak ekonomik pwojè a nan Pòdpè (Port-de-Paix) te pral totalman pozitif, espesyalman paske li te gen posiblite soulaje maladi ki gen rapò ak dlo, ki pi fasil pou moun genyen e ki pi danjere, tankou maladi gastro-entestinal yo. De plis, BID te prevwa yon benefis trè elve nan diminye povrete, prensipalman paske prè yo te pral pèmèt pri dlo bese pou rive jiska 90% pou moun ki pòv yo. Malgre potansyèl gran benefis prè yo – e apre otorizasyon ak ratifikasyon pou ansanm prè a- Etazini te bloke plan vèisman an nan lane 2001, sa ki te efektivman bloke tout posiblite pou projè yo te ekzekite.

Konsekans trajik ak jeneralize aksyon sa yo te fòse òganizasyon nou yo envestige e etabli koneksyon inevitab ki genyen ant sante, dlo ak dwa moun an Ayiti. Li te fòse nou tou rekonèt ke nivo konplisite ak jan de politik nou ekzamine nan rapò sa a, te depase kad Etazini ak BID, paske gen yon long lis lòt peyi, enstitisyon ak aktè ki enplike. Aktè sa yo, an fêt, te jwe wòl obsèvètè pasif – yon pozisyon ki pèdi tout kredibilite depi nan kòmansman 21èm syèk la – pandan Ayisyen tap viktим yon ogmantasyon nan vyolasyon dwa ki pi senp pou yo viv. Ekzanp BID la ekspoze dinamik ki dèyè vyolasyon dwa debaz moun ki pi elemantè nan peyi ki pi pòv nan lemonn.

Òganizasyon entè-gouvènmental yo, pamí yo enstitisyon finans entènasyonal (IFI/EFE) ak leta ki fòme enstitisyon sa yo – an fêt, se kominote entènasyonal la- kapab fèmen je yo sou konsekans politik sa yo paske yo pa oblige fè fas ak figi moun k ap mouri oubyen ki pral tonbe malad akoz aksyon yo oubyen inaksyon yo. Majorite kominote entènasyonal la pa ale kay fanmi moun ki pèdi jèn pitit yo akoz maladi ki gen rapò ak dlo, ni yo pa rankontre sa ki malad ak ki pa gen swen medikal oubyen dlo pwòp yo bezwen pou trete yo oubyen pou anpeche manm fanmi yo vin malad. Li pa fòse obsèvè fanm ak timoun kap mache plizyè kilomèt pou al chèche dlo ki souvan kontamine pou fanmi yo, ni li pa genyen pou li tandemizè paran yo kap lamante chak jou sou kijan yo pral bay pitit yo yon dlo yo konnen ki pral fè yo malad.

Se sa ankètè etid nou an te fè ekzakteman. Nou te fè sonday ak entèvyou avèk prèske 70 fanmi, e nou te rankontre ak plizyè santèn gress moun nan Pòdpè (Port-de-Paix) anvan nou te prepare rezulta yo. Sitiyasyon nou te jwenn yo te pi grav pase sa nou te atann okòmansman: nan moman etid la, pat gen rezèvwa dlo piblik nan vil la e 14 nan 19 diferan pwen nan vil la kote envestigatè yo te teste kalite dlo a te kontamine ak mikwòb. Yo te jwenn tou ke kapasite pou rive jwenn swen sante te seryezman limite.

Pou nou te kapab entèprete rezulta sa yo, e pou te kapab analize yo nan kad dwa pou moun jwenn dlo, nou te baze sou de (2) disiplin : dwa moun ak sante piblik. Nou kwè metodoloji sa yo nou itilize pou prepare rapò sa-a – ki pa janm itilize konsa nan kad Ayiti- te pèmèt nou konprann e fè yon bilan vyolasyon dwa moun yon manyè ekzak e jeneralize oubyen olistik. Nou espere fason nou itilize lwa entènasyonal ak ekspètiz sante piblik kreye yon diskisyon piblik ki pi rich, ki ka mennen plis refòm, non sèlman Ayiti, men tou nan lòt peyi ki pòv kap rankontre menm kategori defi sa yo.

Anplis li ekzamine eta dwa pou moun jwenn dlo Ayiti, rapò sa ofri rekòmandasyon pou tout aktè ki nan sektè dlo a Ayiti. Nou fè yon apèl a tout pati ki nan sektè dlo a, anplis de gouvènman Ayiti a, pou yo adopte yon apwòch ki baze sou dwa moun nan tout etap entèvansyon yo, soti nan fè bilan bezwen yo ak deside priyorite, pou rive nan ekzekisyon ak suivi. Nou espere si apwòch ki baze sou dwa moun nan itilize sistèmatikman, non sèlman 1 ap chanje fason yo pale de Ayisyen pou rive rekonèt li kòm moun ki gen dwa lejitim, men tou sa pral bay Ayisyen plis pouvwa pou yo mande pou ba yo dwa yo, e sa ka rive chanje sitiayson dwa moun an Ayiti. Etandone fason apwòch sa a baze sou devlopman pouvwa moun ki gen dwa yo, patisipasyon kominote se yon kondisyon enpòtan. Nou te rekonèt sa nan fason patisipasyon kominote a te vin tounen yon prensip fondamental travay nou nan Pòdepè. Ekip nou an te fè patisipasyon manm kominote yo nan Pòdpè (Port-de-Paix). Rapò la eseye bay kominote a plis vwa pou yo ka tandem li sou teren entènasyonal ak nasyonal yo.

Rezilta nou jwenn yo ka parèt difisil pou konfwonte, men kòm dabitud, pi gwo defi a se jwenn kijan pou rive transfòme rezilta pou yo tounen aksyon. Konsekans aksyon peyi donatè yo ak enstitisyon yo kontwole an majorite yo sou ti peyi yo, mande pou sitwayen nan leta sa yo – wòch ki nan dlo yo- pa vire tèt yo pou yo pa wè. Nou dwe travay pou fè gouvènman nou yo --- ak enstitisyon yo fè pati yo— rann kont, e anplis, nou dwe pran responsabilite pou asire nou dwa pou jwenn dlo tounen yon reyalite nan peyi rich tankou nan peyi pòv. Nou espere w ap vin jwenn avèk nou pou sipòte efò nou pou dwa “wòch nan sole” ka vin finalman reyalize.

- **Paul Farmer**, Partners In Health (PIH)
- **Margaret Satterthwaite**, Center for Human Rights and Global Justice, NYU School of Law
- **Monika Kalra Varma**, RFK Memorial Center for Human Rights
- **Loune Viaud**, Zanmi Lasante

I. POLITIK POUVWA

Mank dlo pwòp klase trè wo pamí anpil pwoblèm dwa moun trajik Ayiti genyen. Nan lane 2002, Ayiti te klase 101-nyèm sou 127 peyi, dapre yon etid ki te kalkile kantite ak kalite dlo fre nan peyi a, prezans endistri tretman dlo ki fin sèvi, ekzistans estrikti legal, tankou regleman ki kontwole polisyon dlo.² Pwoblèm sistèm sèvis dlo Ayiti se pa yon pwoblèm ki devlope nan yon vid; eritaj istwa peyi a, ansanm ak yon mizè ekstrèm ki pa janm sispann, te anpeche pandan lontan gouvènman Ayisyen an gen kapasite pou li bay sèvis dlo pwòp a popilasyon an. Akoz vyolans politik ki toujou afebli li, ak enjerans lòt pati deyò, feblès enstitisyon li yo, ak yon istwa dèt lou li pa janm ka fin peye, gouvènman Ayisyen an pandan lontan pa janm ka fin bay popilasyon an dlo yon fason si – e echèk sa a ki pèmèt sèk sistèm dlo kontamine a kontinye ap siviv, defisyans nan sistèm sanitasyon piblik, defisyans nan sante ak yon mizè kronik.

A. YON NASYON KI AN DANJE: PWA LISTWA AK SITIYASYON JODI A

Republik Ayiti se sèl nasyon ki fonde apati yon revolisyón³ esklav ki te reyisi. Ayiti te deklare endependans devan Lafrans nan dat premye janvye 1804, apre 12 lane yon lagè brital ki te touye plis pase 100, 000 ayisyen, e ki te detwi estrikti kolonyal esklavajis la jiskaske dlo pwòp, sanitasyon nesesè, swenn sante, ak rezèv manje te pratikman elimine.⁴ Pou reyaji kont revolisyón Ayisyèn nan, Lafrans ak Etazini te enpoze yon anbagó komèsyal pandan tout kòmansman ane 1800 yo, e sa te sabote tout potansyèl devlopman ekonomik peyi a ki te fèk pran endependans li, lè li te vin twouve li nan yon pozisyon kote yo te entèdi patisipasyon li nan kominote ekonomik entènasyonal la.⁵

Nan kòmansman 20-tyèm syèk la, Etazini te anvayi Ayiti ki te toujou devaste anba povrete. Pandan okipasyon sa-a, minorite milat yo te rive konsolide kontwòl politik ak ekonomik yo sou Ayiti e yo te rete fòs dominan nan politik nasyonal Ayisyen jiskaske « Pap Dòk » François Duvalier te vin prezidan nan eleksyon 1957.⁶ An kontan peryòd pitit li « Baby Dòk » Jean-Claude Duvalier te fè sou pouvwa, fanmi Duvalier a te enpoze yon diktati brital ki te dire prèske 30 an. Eritaj rejim sa kontinye ap toumante Ayiti jodi a. Duvalier yo rive totalize apeprè \$900 milyon dola ameriken nan prè miltilateral ak bilateral, ki se prèske mwatye dèt Ayiti jodi a, e pati enpòtan nan fon sa yo te ale pou pwòp depans pèsonèl yo.⁷

Pandan lontan yo te toujou inyore demand pou padone dèt imoral sa a ; men kèk dènye devlopman montre kèk mouvman ki pwomèt rezilta pi an avan. Nan mwa avril 2008, Chanm Depite Ameriken an nan totalite li (inanim) te pase amandman Hastings nan Atik Jubilee pou Prè Responsab ak Eliminasyon Elají Dét an 2008 (Hastings Amendment to the Jubilee Act for Responsible Lending and Expedited Debts Cancellation of 2008). Amandman an te otorize Department of Treasury ameriken pou akselere eliminasyon dèt Ayiti te dwe Bank Mondyal, Bank Entè-ameriken pou Devlòpman (BID), ak lòt enstitisyon finans miltilateral, e pou te mande tou an tout ijans pou te kanpe peman sèvis dèt Ayiti a. Eliminasyon dèt Ayiti touswit ak arè repeman dèt yo te vital pou kanpe repeman yo te ekzije an 2008 yo, ki toujou totalize \$1 milyon pa semèn.

Enstabilite politik te mete yon nyaj sou peyi Ayiti pi resanman. Premye gouvènman ki te pase nan eleksyon demokratikman, avèk Prezidan Jean-Bertrand Aristide alatèt li, te ranvèse nan yon koudeta militè vyolan an Septanm 1991, 7 mwa sèlman apre li te kòmanse manda li. Gouvènman militè ki te vin apre yo te sistèmatikman piye finans peyi a, pandan yo

t ap simen yon vyolans jeneralize ak enjistis sou popilasyon an.⁸ Demokrasi te retounen Ayiti an 1994 e Aristide te re-enstale sou pouvwa kòm prezidan.⁹ Pou ka rebati nasyon an, Ayiti te fè yon seri lòt prè nan men enstitusyon finans entènasyonal yo ki te enpoze yon seri kondisyon sevè, tankou demand pou privatize antrepriz leta te kontwole yo, koupe depans pou sèvis sosyal, epi liberalize politik komèsyal yo.¹⁰

René Préval vin prezidan apre Aristide, e li te opouwva soti 1996 rive 2001, kote Aristide vin genyen eleksyon prezidansyèl yo ankò, nan mitan pakèt akizasyon ke eleksyon yo te refè pou syèj plizyè palemantè yo te mal fêt.¹¹ Akizasyon sa yo te okazyone yon diskisyon ki te pral vin dejenere an vyolans politik, e ki te pral koze mepri Ayiti nan politik entènasyonal, ak yon anbago Etazini sou èd pou gouvènman Ayisyen an.¹² Prezidan Aristide depi fevriye 2004 an egzil. Gouvènman Ayisyen an jodi a gen alatèt li Prezidan René Préval ki te eli an fevriye 2006, dezan apre yon gouvènman tranzisyon kontrevèsyal ki pa te genyen yon manda politik.¹³

B. YON ERITAJ DET: YON TI KOUTJE SOU AYITI JOUNEN JODI A

Malgre efò resan gouvènman Aristide ak Préval yo te fè jan pou yo libere Ayiti anba dèt li yo, travay sa a te vin montre yo ekstrèman difisil. Rive nan Septanm 2007, dèt piblik ekstèn Ayiti te \$1.5 bilyon dola ameriken.¹⁴ Malgre amandman Hastings lan ak Jubilee Act la bay lespwa, li twò bonè pou nou gen konfyans yo pral eliminate dèt Ayiti a nan yon avni ki pre.

Soti 1991 pou rive 2007, Ayiti peye \$631 milyon dola ameriken bay enstitusyon li dwe, e montan lajan sa a kontinye ap ogmante.¹⁵ Kondisyon pou li kontinye peye lajan-dèt sa a k ap fin afebli li a, fè leta ayisyen pa kapab soutni enfrastrikti sosyal nesesè pou sèvi bezwen debaz popilasyon, tankou sant sante, dispansè, lopital, sistèm dlo ak sanitasyon, ak edikasyon. Pa ekzanp, an 2005-06, \$25 milyon dola pou bidjè sante peyi a te plis pase de fwa pi piti pase mwatye lajan yo te sèvi pou repeye dèt.¹⁶

Mank kapasite leta ayisyen pou li reponn a kek kesyon sosyal ijan kontinye genyen konsekans katastwof sou sante ak byennèt pèp Ayisyen. Konsekans sa yo espesyalman vizib nan fason maladi moun pran nan dlo se yon bagay ki kouran an Ayiti. Nan ane 1999, se enfeksyon dyare ki te dezyèm kòz lanmò nan tout Ayiti, epi nan mitan enfeksyonn sa yo, Òganizasyon Sante Mondyal te estime 90% nan ka yo, se te rezulta konbinezon dlo potab kontamine, sanitasyon move kalite ak move ijyèn.¹⁷ Maladi tankou tifoyid ki pase de yon moun a yon lòt, e ki dire sèlman nan kote ki manke ijyèn ak kote moun pa ka jwenn dlo pwòp, vreman komen e fè tout moun pè li an Ayiti.¹⁸

Pwoblèm sistèmatik ki frape Ayiti yo pi trajik ankò lè yon moun konsidere konsekans yo gen sou dwa moun an Ayiti. Konsekans depans sosyal limite nan enfrastrikti sosyal rive frape tout moun, eksepte klas sosyal ki anle nan peyi a. Tout aspè vi Ayisyen yo vin touche, moun kap siviv yo se yon batay sa ye chak jou pou 78% popilasyon an kap viv ak mwens pase \$2 pa jou, ak 54% poustan k ap viv ak mwens pase \$1 pa jou.¹⁹ Tout pwoblèm sa yo vizib sou bò kot vil Pòdepè, kote sèvis sistèm distribisyon dlo piblik la pa rive bay popilasyon an resous fondamental sa a.

II. PRE-LAJAN AK DLO: KONEKSYON BANK ENTE-AMERIKEN POU DEVLOPMAN (BID)

A. APESI SOU BANK ENTE-AMERIKEN POU DEVLOPMAN (BID)

BID (oubyen Bank lan) ki te kreye an 1959, se sous prensipal finansman miltilateral pwojè devlopman ekonomik, sosyal ak enstisyonèl nan Amerik Latin ak Karayib la, epi li prete plis pase \$9 milyon chak ane, sa ki fè li se pi gwo bank devlopman rejjonal.²⁰ Konsèy Gouvènè BID la responsab pou dirije aktivite ak administrasyon Bank lan; donk, Konsèy Gouvènè sa-a sipèvize Konsèy Dirèktè Ekzekitif yo, yo-menm ki responsab tout operasyon Bank lan chak jou.²¹

Sekretè Depatman Trezò Etazini gen wòl Gouvènè nan Konsèy Gouvènè BID yo.²² Dirèktè Ekzekitif ameriken an (USED) nan BID la, se yon ofisyèl nan Depatman Trezò a yo li-menm tou soti nan Depatman Trezò, e li rapòtè dirèkteman bay Depatman sa-a. Biwo BID ak biwo Depatman Trezò (Department of Treasury) gen anpil koneksyon, e yo transfere anpil anplwaye antre yo. Etazini gen kontwòl 30 poustan pouvwa vòt nan BID.²³

B. PRÈ LAJAN POU SEKTÈ SOSYAL AYITI

An 1998, Bank lan te apwouve 4 prè pou sektè sosyal pou Ayiti, yonn ladan yo se te pou plizyè pwojè dlo ki te trè nesesè.²⁴ Pou ede rezoud pwoblèm sistèm sèvis dlo a ki tap fin deteriore, BID te apwouve yon prè \$54 milyon dola ameriken, plis yon sibvansyon \$965 mil pou amelyore dlo potab ak sèvis sanitasyon, e pou etabli yon kad travay pou regularize devlopman yon sèvis dlo ki fin sèvi. An mèm tan, pwojè a te gen objektif pou li amelyore e alafen soutni kalite ak distribisyon sèvis dlo potab nan 10 zòn nan mitan lavil, nan 5 kominote riral ak nan zòn tou pre zòn mitan lavil yo.²⁵ Pwojè prè sa yo te gen pou objektif pou amelyore “kalite lavi – sitout fanm ak timoun - epi pou redwi frekans maladi ak mótalite timoun.²⁶ Pòdpe te sipoze yonn nan premye vil kote prè lajan pou pwogram dlo a te kòmanse opere.²⁷

Apre BID te fin apwouve prè lajan pou sektè sosyal la an 1998, Ayiti te ratifye li nan kòmansman ane 2000, sa kite montre li te fòmèlman aksepte kondisyon prè a. Nan kòmansman ane 2001, gouvènman Ayisyen an peye lajan aryere (lajan li te dwe) bay Bank la, e li te reponn a lòt ekzijans kontra a pou yo te ka debloke prè BID yo. Jeneralman, pwosesis pou debloke prè yo ta dwe kòmanse nan apeprè menm lè a, men gouvènman ameriken an briskeman fè konnen li gen « enkyetid serye » sou vèsman prè yo. Korespondans ki soti anndan gouvènman an gras a yon pouswit an jistis kite fêt kont gouvènman ameriken an atravè Lwa sou Libète Enfòmasyon [Freedom of Information Act (FOIA)], te montre ke enkyetid sa yo te pito a karaktè politik, olye yo te gen rapò ak prè yo oubyen kapasite pou sèvi ak yo. An plis, Depatman Trezò – an akò ak biwo USED ki nan BID la, te fè de aksyon planifye e san rete pou anpeche Ayiti jwenn prè sa yo akoz enkyetid politik sa yo.²⁸ Pwotokòl Akò (Articles of Agreement) BID yo trè klè ke konsiderasyon politik konsa pa dwe konsidere lè 1 ap prete peyi manm yo lajan.²⁹

Echanj imèl ki te fêt andedan biwo a pandan peryòd sa a klèman montre te genyen diskisyon ki ta fêt dèyè rido, kote gouvènman ameriken an te chèche fason pou li konekte prè yo a kèk etap politik li te vle gouvènman Ayisyen an rive reyalize. Pandan Depatman Trezò Etazini ak biwo USED (biwo aameriken nan Konsèy Dirèktè Ekzekitif nan BID) tap

retade prè yo, yo ofri pou yo debloke yo kòm yon rekompans pou chanjman politik an Ayiti.³⁰ Olye pou li te suiv Pwotokòl Akò BID – alòske li te pwomèt l ap ba li « tout fòs ak tout rezulta » lè li te vin manm- gouvènman ameriken an te montre tout entansyon li anndan BID pou li konekte vèsman prè yo ak pwòp jan li te defini pwogrè politik.³¹

Ofisyèl nan Depatman Trezò Etazini te al kote Bruce Juba, Konseye Espesyal nan Biwo Konsèy Dirèktè Ekzekitif BID pou etidyé possiblite pou bloke prè yo. Misye Juba te reponn paske kat (4) prè pat prezante okenn obstak teknik lejitim, epi yo te fin déjà apwouve yo, Etazani pat kapab itilize pouvwa veto pou bloke vèsman prè yo.³² Men Juba te sijere gouvènman aameriken an kapab “ralanti” pwoesisis vèsman an, kote yo te ka vin genyen menm rezulta ak si yo te bloke vèsman yo.³³

Depatman Trezò Etazini te pran sijesyon Juba a, e – pou li te itilize teknik “ralantisman” an- li te kòmanse prepare yon lèt pou reprezantan li nan USED, Lawrence Harrington pou voye bay prezidan BID la Enrique Iglesias. Byen ke Harrington te voye lèt la sou lòt pretèks, Juba te fè referans a vre objektif lèt la nan yon imèl li te voye bay Depatman Trezò kote li te di: *“Malgré se pa yon fason “san fay” pou bloke debokaj BID yo, l ap rive met kèk lòt gwo moso wòch sou wout la an plis.”*³⁴

Pandan diskisyon sa a tap fèt anndan gouvènman ameriken an, dokiman ki soti nan Depatman Trezò ak BID te montre klèman pat gen okenn rezon valab pou kontinye retni prè yo.³⁵ Malgre sa, kèk tan apre Prezidan Iglesias fin resevwa lèt Harrington nan mwa avril 2001, li dakò ak demann gouvènman ameriken an te fè nan lèt la, e li bloke vèsman an menm lè a, yon aksyon ki te yon vyolasyon dirèk chat BID a.

Rive Oktòb 2001, politik “vèsman o ralanti” Department of Treasury Etazini ak USED a t ap kontinye a te attèn objektif li. BID te jwenn yon jistifksyon fòmèl pou kenbe prè yo, paske delè nan deblojak prè a te fè Ayiti vin tonbe an reta ankò ase lontan pou yo te ka prezante regleman BID yo ki anpeche Bank la debloke prè bay yon peyi, lè aryere yo (pèman dèt ki anreta) ajoute pandan twò lontan. Rive Novanm 2001, total aryere Ayiti yo te rive \$5.5 milyon (kote plis pase \$1.9 milyon ladan yo se te “frè angajman” – yon frè Bank la ekzije pou kenbe 4 prè ki pa te ko debloke yo) ki vin adisyone e ke Ayiti te dwe, paske BID te refize debloke prè yo.³⁶

Aprè plizyè deklarasyon ofisyèl gouvènman aameriken yo ki te fin montre klèman ke vèsman fon yo te depann de kèk aksyon politik; nan kòmansman 2002, gouvènman Ayisyen an te sispann peman prè BID yo, paske li te konkli BID pat gen entansyon fè vèsman prè yo.³⁷ Kòm Ayiti pat fè peman ankò, aryere li yo vin adisyone pou rive nan yon pwen kote li vin deklanche yon regleman bank la ki plase gouvènman Ayiti a nan yon pozisyon ki te fè li pat elijib pou resevwa vèsman prè yo. Plan gouvènman ameriken pou ralanti vèsman fon yo te mache, e sa te kreye kondisyon pou te pèmèt BID legalman bloke vèsman prè yo yon fason endefini.

Nan otòm 2002, te parèt gen yon mouvman pou te fè vèsman yo, men Ayiti te fè fas a yon pwoblèm likidite negatif a koz sèvis dèt la ak orè vèsman yo.³⁸ Pou aktive yon vèsman rapid sa yo rele Prè Envèstisman Sektoryèl (Investment Sector Loan), ki te pral pèmèt Ayiti gen yon likidite pozitif, yo te enpoze li – pami lòt kondisyon- fòk li te dakò yon Pwogram Siveyans Anplwaye (Staff Monitoring Program oubyen SMP) sou kontwòl Fon Monetè Enténasyonal. Pwogram SMP sa-a te mande pou Ayiti mete sou pye de refòm ekonomik

drastik, tankou sispann sibvansyone yon pati gaz popilasyon an, ki te pral genyen imedyatman yon konsekans negatif sou Ayisyen nan tout peyi a.³⁹

Apre plizyè mwa negosyasyon, an jen 2003, yo te apwouve yon SMP pou Ayiti. Yon mwa apre, Ayiti te reponn a SMP a, li te mete sou pye refòm ekonomik yo te mande li yo, e li te preske vide rezèv kès li pou li te ka peye \$32 milyon dola pou peman aryere li te gen pou BID, men la ankò gouvènman ameriken te eseye poze plis obstak pou Ayiti.⁴⁰ Sou-Sekretè Depatman Trezò pou zafè entènasyonal, John Taylor, te prezante kesyon akizasyon trafik moun an Ayiti, epi li te esplike ke akizasyon sa yo gen sanksyon pou yo e te pral bloke asistans pou Ayiti.⁴¹

Malgre rezistans gouvènman ameriken an te kontinye, BID te retounen ak pwogram prè pou Ayiti nan mwa out 2003. Pou te retounen ak pwogram nan, yo te fè leta ayisyen menm ekzijans sou Prè pou Envestisman Sektoryèl yo ak rediksyon sèvis prè sosyal yo ankò. Rive nan fen 2003 BID te kòmanse pran mezi pou li fè vèsman prè pou sektè sèvis sosyal yo. Menm nan moman sa a--- dezan apre vèsman yo te sipoze kòmanse fèt --- okenn nan leta manm yo pat janm denonse piblikman aksyon gouvènman ameriken an, an vyolasyon pwotokòl BID la. Tout pandan peryòd BID te ofisyèlman kenbe prè yo, yo te kenbe silans yo, menmsi nan reyinyon prive avèk RFK Center nan kòmansman ane 2003, kèk lòt eta manm te admèt ke aksyon gouvènman ameriken an pat konfòm ak Pwotokòl BID lan; men yo te santi men yo mare akoz pouvwa gouvènman Etazini genyen anndan BID.⁴²

An fevriye 2004 --kèk mwa apre BID te komanse pran mezi pou fè vèsman yo, --- Prezidan Aristide vin pèdi pouvwa a nan mitan akizasyon gouvènman ameriken te koze koze sa dirèkteman oubyen endirèkteman, gras a efò li pou te bloke finansman dirèk pou gouvènman an. Akoz chanjman total ki te fèt nan gouvènman an, yon te sispann vèsman anvan okenn fon te rive jwenn gouvènman Ayisyen an.

Malgre prè yo kounye a nan “faz ekzekisyon,” 10 ane apre BID te apwouve prè BID yo, yo poko ekzekite pwojè dlo a nan Pòdpè (Port-de-Paix), youn nan vil yo kote yo te sipoze komanse pwojè dlo a Ayiti. BID deja fè kèk kontra pou pwojè Pòdpè a, men jis nan mwa septanm 2008, konstriksyon an pa te ko kòmanse.

III. YON SISTÈM DLO KI PA TRAVAY AN AYITI⁴³

Karateristik yon sistèm dlo potab ki kraze an Ayiti, se enkapasite li pou li bay popilasyon an dlo potab yon fason efikas. Se sèlman 52.2 % popilasyon asyisyen an ki ka rive jwenn yon sous dlo ki amelyore, e prèske 70% pa ka jwenn dlo potab dirèkteman.⁴⁴ Menm estatistik minim sa yo kapab ekzajere fason ayisyen jwenn bon dlo potab, paske sistèm dlo a travay yon lè konsa pandan tout ane nan zòn riral andeyò yo, li trè difisil pou jwenn dlo pandan sezon sèch yo.⁴⁵ Pwoblèm rive jwenn dlo a agrave ak mank sanitasyon: 27% peyi a genyen sistèm drenaj, e 70% kay yo pa genyen kay latrin (ridimantè) (34.9 percent) oubyen yo pa gen ditou (34.7 percent).⁴⁶ Kontaminasyon dlo ak matyè fekal (poupou) se premye koz maladi.⁴⁷ An plis sa, jan Dokiman Estratejik Kwasans ak Rediksyon Povrete nan Ayiti (Growth and Poverty Reduction Strategy Paper) te jwenn dènyeman, Ayiti ap vin pi mal nan kisyon dlo potab.⁴⁸

A. Sistèm nasyonal dlo Ayiti

Sèvis Nasyonal Dlo Potab (*Service National de l'Eau Potable*) (SNEP) ofisyèlman responsab pou li jere sistèm dlo andeyò Port-au-Prince.⁴⁹ SNEP anba sipèvizon Ministè Travo Piblik, Transpò ak Kominikasyon (*Ministère des Travaux Publics, du Transport et de la Communication - MTPTC*).⁵⁰ Estrateji nasyonal dlo 2006 SNEP la pou zòn riral yo *Directives Opérationnelles: Stratégie nationale de développement du secteur de l'Eau Potable et Assainissement en milieu Rural*, te rive kreye ak yon finansman Bank Mondyal.⁵¹ Bank Mondyal te jwenn ke malgre “te genyen jesyonè ak pèsonèl motive ak konpetan nan sistèm dlo piblik ayisen an”, mwayen finansye ak sipò politik manke souvan, e sa limite anpil kapasite ajans sa yo pou yo ranpli menm fonksyon ki fi fasil yo.⁵² Reyalite sa a vin pi konplike lè pa genyen okenn ajans an Ayiti ki responsab dirije efò pou amelyore sanitasyon.⁵³ Yon òganizasyon ki pa travay pou pwofit, FOKAL, te rezime sitiyasyon an konsa: “Avèk absans direksyon ki klè, òganizasyon ak enstitisyon yo vin devlope de apwòch, teknik ak teknoloji ki diferan — ki menm kontradiktwa gen de lè- sa ki vin kreye yon pakèt varyete sitiyasyon sou teren an.”⁵⁴

Se sèlman 2 a 8% kay Ayisen yo ki genyen koneksyon dlo.⁵⁵ Non sèlman yo pa kapab bay dlo potab ki nesesè, pratikman pa genyen okenn sistèm drenaj oubyen endistri tretman dlo yo fin itilize deja an Ayiti.⁵⁶ Akoz mankman sa yo nan sistèm dlo ak sanitasyon an Ayiti, tout dlo riske kontamine e li nesesè pou trete dlo sa a lè pou itilize li nan yon kay.⁵⁷ Prèske 70% kay yo pa bay dlo a okenn tretman.⁵⁸ Teknik moun yo pi abitye a, sa vle di pou yo ta bouyi dlo a, vin espesyalman difisil, akoz pri gaz kizin.⁵⁹ Jan yon ekspè dlo nan gouvènman an te di nou, “li nesesè pou mete ‘potab’ ak ‘pi’ an gimè.” Nou gen dwa di nou rive gen dlo, men ou pa ka pale de dlo potab. Sous dlo yo pa pwoteje, moun pa gen abitid trete dlo a, enfastrikti a fèb, epi nou gen yon pwoblèm polisyon ki pa janm sispann.”⁶⁰

Kay ki pa ka rive jwenn dlo piblik, achte li nan men lòt pati prive ki vann dlo (nan kamyon-sitèn, nan galon oubyen nan boutèy).⁶¹ Sektè prive dlo a kòmanse seryezman pandan ane 1970 yo e li grandi ak anpil empòtans depi lè sa a.⁶² Nan anpil vil kamyon-sitèn yo se pamì distribité dlo ki pi empòtan ki genyen.⁶³ Kamyon sitèn sa yo al plen nan pi oubyen nan lòt sous piblik distribisyon dlo, e rapò yo fè konnen ke se frè yo peye pou mèt ponp dlo yo.⁶⁴ Lè yo fini plen— san yo pa peye kominate kote yo pran dlo a, ni gouvènman ayisen an — kamyon-sitèn yo al pote dlo a bay mèt sitèn yo.⁶⁵ Enstitisyon ak kay prive ki rich ki gen sitèn yo achte kamyon dlo; kay ki pòv yo depann de pwopriyetè sitèn yo ki achte dlo a pa kamyon e revann li pa bokit.⁶⁶ Genyen kèk pwopriyetè sitèn ki trete dlo a, ou di mwens yo di yo fè sa.⁶⁷ Genyen lòt ki vann dlo a jan yo delivre li ba yo. FOKAL te konkli “popilasyon ki pi pòv yo peye plis pou dlo a, akoz varyete sistèm tarif yo e fason moun yo pa kapab jwenn dlo a tou yon fason regilye.”⁶⁸ Paske manke fon pou gouvènman an ta kapab kontwole sa k ap pase, pa genyen sistèm an plas pou regularize moun nan sektè prive k ap vann dlo a.⁶⁹ Sa vle di pa genyen okenn fason pou kontwole sou kapasite sektè prive a pou li rale dlo nan sous dlo piblik yo, pa genyen regilasyon pou kontwole kalite dlo konpayi prive yo ap vann, e pa genyen okenn possiblite pou konnen si pri yo jis. Genyen rapò ki fè konnen konpayi kamyon-sitèn yo fè anpil pwofit nan environman san regleman sa a.⁷⁰

Òganizasyon non-govènmantal (ONG) yo trè aktif nan sektè dlo a, kèlkeswa dimansyon yo — soti nan branch lokal gwo òganizasyon devlopman entènasyonal rive nan ti òganizasyon Ayisen.⁷¹ Yon rezo ONG ki trè aktif nan sektè dlo a se *Plateforme des ONGs en Eau Potable et Assainissement* (PEPA).⁷² ONG sa yo gen tandans konsantre aktivite yo sou bay sèvis dlo.⁷³ Yon ti kantite ladan yo kreye kolaborasyon ak konpayi famasi ak enjenyè pou ka bay tretman sistèm chimik ki senp e efikas nan kèk pwen distribisyon dlo, men rezulta yo pa rive trè lwen: nan zòn andeyò yo, genyen plis ayisen ki itilize ji sitron olye yo itilize sache

pwodui chimik pou dezenfekte dlo yo.⁷⁴ Se yon kantite negligjab ONG ki fè program sanitasyon oubyen pwogram igyèn.⁷⁵ Sou plan nasyonal, gen kèk ONG ki travay dirèkteman ak SNEP, e gen kèk lòt ki totalman otonòm.⁷⁶ SNEP te fè yon efò pou li te kòdine ak ONG yo nan ane ki te pase yo; an 2006 Plan Estratejijk la te ensiste nou nesesite pou ONG yo travay ansanm ak gouvènman an.⁷⁷ Malgre efò sa yo, enkapasite SNEP pou li kowòdone efò sa yo etonan. Moun ki konnen sektè dlo a byen te eksplike ekip envestigasyon an ke trè souvan ONG yo kòmanse kèk travay san yo pa avèti SNEP. Konsekans pratik sa a se ranvèse wòl chak pati yo: nan kèk kominate, SNEP chèche asistans nan ONG ki gen gwo finansman ONG yo ka deside si y ap kowòdone ak gouvènman an ou pa. Mete sou sa, rechèch yo montre anpil donatè ki finanse ONG, pa ekzije yo kowòdone antre yo oubyen ak gouvènman an. FOKAL te chita sou pwoblèm responsabilizasyon pwojè dlo yo lè ONG yo kòmanse : anpil fwa, lè sistèm ONG yo enstale kraze, yo rete san yo pa janm ka sèvi ankò, e tiyo dlo yo rete “vid san espwa” pandan kominate a ap chèche pou responsab sistèm nan ranje pwoblèm nan.⁷⁸ Dirabilite ak antretien se pi gwo pwoblèm pwojè ONG yo kòmanse Ayiti.

Plizyè Leta donatè finanse pwojè sante ak sanitasyon an Ayiti. Pandan kèk ane, Bank Mondyal ak BID te sipòte SNEP, .Gen peryòd kote Leta donatè yo te santre asistans sou ONG ki aktif nan sektè dlo a.⁷⁹ Plizyè moun ki gen enfòmasyon sou sektè dlo a te rapòte bay ekip anketè yo, anpil fwa donatè entènasyonal yo te finanse ONG yo oubyen ajans Nasyozini yo ki ka travay nan sektè dlo a san yo pa kowodone aktivite yo ak SNEP. Nan kèk ka, yo rapòte kèk pwojè Ajans Nasyonzini yo ki aktif nan sektè dlo ak sanitasyon, tankou Fon Nasyonzini pou Dwa Timoun (UNICEF) kite toutan ap travay nan sektè a.⁸⁰ Nan dènye ane ki sot pase yo, Misyon Nasyonzini pa t mete zon ki gen ijans yo anvan. Misyon pou Estabilizasyon an Ayiti (MINUSTAH) te bay finansman pou 41 “Pwojè ki pou Rezilta Rapid” (Quick Impact Projects) ki gen rapò ak dlo, yon total plizyè santèn milye dola ameriken ale nan asistans ti pwojè.⁸¹

B. REFÒM NAN SEKTÈ DLO A

Pandan plis pase dis lane, kesyon refòm nan sektè dlo ak sanitasyon te mennen anpil diskisyon nan mitan gouvènman Ayisyen an ak peyi donatè yo, ak enstitisyon finansman entènasyonal yo tou. Depi 1996 gen yon avan pwojè lwa sou kesyon refòm sektè dlo ak sanitasyon ki an diskisyon.⁸² Gen finansman nan BID ak nan Pwogram Prè pou Envestisman ki prevwa pou Refòm Sektè Dlo Potab ak Sanitasyon.. Avan pwojè lwa-kad la ta dwe: desantralize sistèm dlo ak sanitasyon grasa kreyasyon konpayi rejyonal dlo ak sanitasyon; kòmanse patenarya publik-prive; kreye yon Direksyon Dlo ak Sanitasyon nan Ministè Travo Piblik; delege responsabilite legal pou sanitasyon bay sektè publik; pèmèt transfè otorite dlo ak sanitasyon bay sektè minisipal yo, depi ajans ki konsène yo demonstre kapasite pou yo pran responsablite e gere l komsadwa.⁸³

An jiyè 1996, yo te kreye Inite Refòm Sektè Dlo Potab (*Unité de Réforme du Secteur de l'Eau Potable*,URSEP) nan *ministè Travo Piblik* pou sipèvize refom sektè dlo ak sipò finansye BID .⁸⁴ Yo te kreye yon ti inite kowòdinasyon (*Cellule Eau Potable et Assainissement*, anndan URSEP pou jere reyalizasyon plan an. Anba lwa-kad la, otorite nasyonal ki responsab dlo yo te genyen pou disoud nouvo ajans—Office National de l'Eau Potable et de l'Assainissement (ONEPA) ak Conseil de Régulation de l'Eau Potable et de l'Assainissement (CREPA)— te dwe kreye.⁸⁵ Pandan tan sa a, URSEP te responsab pou li finalize fonksyònman kad travay nouvo ajans yo, pwomilge pwotokòl enpozisyon tarif dlo, etabli règleman sou nivo sèvis, fè

aranjman pou desantralizasyon, e kreye règleman pou patisipasyon sektè prive a.⁸⁶ FOKAL te analize lwa kad la, e te konkli malgre li pa t posib pou detèmine si nouvo estrikti a t ap pi efikas pase sa ki te la deja a, sektè yo te refòme a te gen chans jwenn plis patisipasyon kote komunitate lokal la.⁸⁷ Nan eleman enpotan nan lwa kad la, se te kondisyon, dapre Bank Mondyal, ki t ap pèmèt komin yo “delege bay sektè prive a, konpayi dlo komin yo ak komite dlo yo, dwa pou bay sèvis livrezon dlo.”⁸⁸ San pa genyen plis enfomasyon sou aspè reglementè lwa kad la, li difisil pou fè yo evalye kijan mòd privatizasyon sa a pral fonksyone. Rapò yo fè konnen plan yo prevwa enstalasyon kontè dlo pou “fè konsomatè yo aji yon fason pi responsab e evite gaspiyaj.”⁸⁹ Direktè Jeneral SNEP la te di ekip anketè yo ta pral enstale kontè dlo yo nan kad pwosesis refòm nan, e kay ki te rantre nan pwogram nan te pral peye pou dlo a dapre volim yo te itilize.

C. SISTEM DLO NAN PODPE (PORT-DE-PAIX)

An 1997, BID te fè yon Bilan Enpak Sou Enviwònman (Rapò Bilan) nan kad Refòm Sektè Dlo Potab ak Sanitasyon ak Pwogram Prè pou Envestisman . Rapò Bilan an te bay yon apèsi rapid sou sistèm nan 10 an anvan ankèt la, e yo te antreprann etid sou fanmi yo ki diskite nan atik sa a. An 1997, Port-de-Paix te gen yon popilasyon 30,000 moun.⁹⁰ Prensipal sous ki te bay dlo moun ka bwè se te Source de Cacao, vil la t ap sèvi ak li depi 1955.⁹¹ Dlo a te ponpe rive lavil la grasa tiyo plastik PVC ki te enstale depi 1980 pou ranplase ansyen tiyo fè ki te enstale depi 1955.⁹² Yo te konsève dlo a nan yon rezèvwa 50 mèt pi wo pase nivo lanmè a, yo te ponpe li nan tiyo prive ak fontèn piblik la vil la.⁹³ BID te konkli “sistèm dlo potab Pòdpè (Port-de-Paix) a pa t fonksyonèl pou te kapab reponn a bezwen debaz popilasyon an nan kesyon dlo.”⁹⁴ An 1997, “sant vil la te resevwa dlo lè dlo a te rive nan vil la, e lòt zòn te resevwa dlo pandan kèk lè pandan semèn nan.”⁹⁵ Kalite dlo a te nan yon eta grav tou dapre evalyasyon yo te fè: analiz BID yo te montre “dlo nan sous Cacao a kontamine ak mikwòb nan yon nivo ki pi wo pase sa OMS rekòmande pou dlo potab, akoz aktivite moun ak aktivite agrikilti nan zòn nan”, teknik klorinasyon plant yo pa t fonksyone ditou.⁹⁶ Sistèm drenaj la tou p at bon menm: “egou yo ak kanal drenaj te p at janm repare ni netwaye jan yo ta dwe. Kòm konsekans, dlo loraj ak ma dlo lapli fòme ma dlo ki vin tounen danje pou sante moun; anpil fwa dlo desann apre lapli.”⁹⁷ Pou kesyon sanitasyon, BID te jwenn yo pa te “ranmase ak jete fatra jan sa ta dwe fêt”, yo te “jete fatra bò lanmè san okenn kontwòl environmantal. Yo te sèvi ak fatra tou pou konsti ranpa bò Rivyè Pòdpè (Port-de-Paix) pou redwi debòdman dlo a.”⁹⁸

Sou baz enfòmasyon ekip anketè yo te resevwa, li klè sistèm dlo piblik la te vin mal anpil depi BID te fin planifye prè sektè dlo a nan fen ane 1990 yo. Popilasyon vil la pi plis byen rapid, dapre yon ofisyèl gouvènman an te pwojte yon popilasyon apeprè 100,000 moun, ki pa menm kantite menm ak estimasyon 30,000 moun BID te pwojte nan ane 1997.⁹⁹ Lè popilasyon an vin agrandi konsa, se nômal pou sa gen konsekans tou sou sistèm dlo a; kote pwoblèm ki ta ka poze si moun te sèvi ak twòp dlo, pi gwo enkyetid ki poze pou sistèm dlo nan Pòdpè (Port-de-Paix) a rete nan kesyon sekirite, kantite ak fason pou rive jwenn dlo. Dapre ofisyèl SNEP yo, sistèm piblik la gen dlo pandan sezon lapli a, men pandan peryòd lapli pa tonbe anpil, sistèm dlo a gen pa gen ase dlo ditou pou bay popilasyon an. Nan peryòd sa yo, SNEP divize lavil la an twa zòn, e chak zòn resevwa dlo twa fwa pa semèn. Menm lè gen dlo nan sistèm piblik la, dlo a pa dlo potab. Biwo lokal SNEP la pa genyen ekspètiz, ni pèsonèl, ni materyèl ase pou trete dlo a yon fason regilye. Biwo a dwe tann teknisyen ki soti Port-au-Prince pou trete dlo a. Ofisyèl lokal yo konn blije tann 4 a 5 mwa pou yon teknisyen vini. Ofisyèl lokal SNEP yo dispoze aprann kijan pou yo trete dlo a, men

malgre demann yo, yo pa janm ba yo okazsyon pou yo jwenn fòmasyon pou sa. Direktè SNEP nan Pòdpè (Port-de-Paix) a te di ekip anketè enjenyè SNEP anplwyè yo se enjenyè sivil ki yo menm pa genyen fòmasyon ki gen rapò ekzak nan jesyon dlo. Ekip anketè yo te vizite chak fontèn piblik Pòdpè (Port-de-Paix) pandan sis semèn yo te pase pandan sezon lapli a. Ekip la pat janm wè dlo menm pou yon fwa nan sistèm dlo piblik a.

Paske pa gen yon sistèm dlo piblik ki fonksyone, antrepriz dlo prive yo distribye dlo bay majorite popilasyon an. Direkte SNEP la nan Pòdpè (Port-de-Paix) te di ekip anketè yo te estime sistèm dlo piblik la te bay 20% dlo moun bwè laval la, pandan ke sekètè prive a te bay 80%. Sistèm dlo prive a te devlope nan yon pwopòsyon kote li febli sistèm piblik la, fè l pa ka sèvi popilasyon an. Malgre plizyè manm nan kominate a te kwè konpayi prive yo te kòmanse ranplase sèvis sistèm piblik la ant twa a sis lane anvan ankèt la te kòmanse. Konpayi sa yo te ponpe dlo nan pi ki bò Twa Rivyè et revann li bay gwo kamyon dlo. Kamyon dlo sa yo yomenm te revann dlo a pa bokit bay lòt fanmi nan katye yo. Direktè Depatmantal Ministè Sante Piblik ak Popilasyon te rapòte bay ekip anketè yo yon etid yon organiasyon entènasyonal te fè sou kalite dlo nan sitèn prive sa yo an 200 e te jwenn nivo kras ak bakteri yo anpil.¹⁰⁰ Tès dlo ki te fèt pandan yo t ap etidyé kay yo montre – eksepte pou yon sèl pi ki te trete dlo li ak sèl - sèl dlo potab ki te disponib pou piblik Pòdpè (Port-de-Paix) a, se te dlo trete yo ki te nan sache.¹⁰¹

Moun ki nan kay ki pòv san lajan pou yo achte dlo vwayaje souvan ale Twa Rivyè pou yo ale chèche dlo pou bwè. Lè yo rive yo fouye twou ki pa twò fon nan yon zòn ki sèch bò rivyè a, epi yo tann pou twou a plen dlo; paske dlo a soti filtre san kras nan tè a, dlo a parèt klè lè ou fèk gade li. Moun yo lè sa a pran dlo nan yon bòl oubyen nan yon goblè pou yo plen bokit yo. Menmsi manm kominate a rele twou sa yo “sous dlo”, mo kreyòl ki vle di “dlo ki soti nan tè”, an reyalite dlo ki soti nan twou sa yo se dlo rivyè a yo ye sèlman.¹⁰² Ekip anketè yo te obsève fason moun t ap sèvi ak *sous dlo* sa yo bò Twa Rivyè pou yo te pran dlo. Anketè yo te obsève tou bèt tankou bourik ak cheval ki te mare tou pre, ki t ap tann pou yo mennen mèt yo lakay yo. Pou pou yo te vizib a rebò rivyè a tou pre kote *sous dlo* yo te fouye yo. Tès dlo yo te fè pandan yo tap fè etid souk yo te jwenn ke dlo sa a te kontamine ak bakteri.¹⁰³ Malgre pa t genyen konpayi prive ki te plen kamyon yo dirèkteman nan rivyè a, estasyon ponp prive te rale dlo nan nap dlo ki bò rivyè a. Anplis *sous dlo* yo, kay ki pa genyen mwayen pou yo achte dlo pou bwè, mete espwa yo sou dlo pi ka pa pwoteje ak dlo lapli.

Dapre yon Rapò 1998 BID sou Bilan Enpak sou Anviwònman, yo estime 5% kay nan Pòdpè (Port-de-Paix) gen sou latrin pou moun fè bezwen yo, e yon kantite anòmal kay pa genyen okenn kote pou yo jete dechè moun.¹⁰⁴ Dis lane apre Rapò Bilan an te pibliye, toujou pa te genyen yon sistèm sanitasyon ki fonksyone nan Pòdpè (Port-de-Paix). Sistèm sanitasyon an tèlman pa bon, sa te fòse kèk fanmi pou yo itilize yon ti kote nan zòn lakòt vil la pou yo fè bezwen sanitè yo. Lè sa a, tou ak kanal ki itilize pou fè drenaj vil la vin ranpli ak fatra solid, e moun ka wè kochon ak kabrit k ap fouye nan fatra a. Fatra solid bloke drenaj dlo ki fin sèvi ak dlo lapli, e sa lakôz dlo chita nan basen santi, kote moustik vin kale pitit.

Yon kantite ONG, tankou *Action Contre La Faim, Initiative Développement*, ak plizyè lòt, te gen pwojè dlo nan Pòdpè (Port-de-Paix) oubyen toupre Pòdpè (Port-de-Paix), yo te byen konnen akoz kolaborasyon yo ak SNEP. Malgre se te eksepsyon olye se te pratik nòmal la, Direktè SNEP la nan Pòdpè (Port-de-Paix) te dianketè yo ONG sa yo te kowòdone efò yo vre ak biwo lokal SNEP la. Direktè SNEP la te di anketè yo kèk fwa ONG te finanse biwo li

a, sa te demonstre diferans relasyon ant ONG yo ak Ministè Travo Biblik nan sektè dlo a nan Pòdpè (Port-de-Paix).

D. ETA/ESTATI PRÈ BID YO

Nan moman etid la, pwojè dlo nan Pòdpè (Port-de-Paix) prè BID yo te finanse yo ta p vanse nan faz reyalizasyon yo. Yo te fin apwouve kontra pou pwojè yo, men rive nan Septanm 2008, okenn konstriksyon po t ko kòmanse. Prè pou dlo potab yo ak sektè sanitasyon an te sipoze finanse plizyè pwojè nan Pòdpè (Port-de-Paix), tankou pouse pou itilizasyon yon pakèt sous dlo anba tè ki anba mòn nan zòn sid yo, ak reparasyon sistèm ki te la deja. Pi presizeman, yo te genyen pou yo te pran dlo nan yon sous dlo ki te pral mande pou yo te bati yon novo estrikti pou te pran dlo ak yon tiyo transmisyon dlo; enstalasyon omwens 5 pwen tou pre tiyo transmisyon an kote yo pral pran dlo a pou reponn a bezwen riral yo; konstriksyon yon rezèvwa; e remete sou pye rezo distribisyon nan vil la.¹⁰⁵ Anplis de sa, pwojè yo te sipoze genyen reparasyon rezèvwa a, tiyo transmisyon dlo ki deja la a, ak tout konstriksyon yon rezèvwa.¹⁰⁶ Anplis, sistèm drenaj dlo loraj koze nan Pòdpè (Port-de-Paix) te gen pou li repare, e yo te gen pou yo te konstwi 27 fontèn piblik nan vil la.¹⁰⁷ Nan lòt travay BID te di 1 ap finanse nan zòn lavil yo te genyen fouye ak netwaye pi yo ak bay ekipman pou enstalasyon ekipman pou ponpe dlo ak kote pou trete dlo a.¹⁰⁸

Direktè SNEP la nan Pòdpè (Port-de-Paix) te di ekip anketè yo pwojè a te pral genyen konstriksyon kèk kyòs dlo. Enjenyè URSEP la te konfime 35 kyòs te pral bati nan katye pòv Pòdpè (Port-de-Paix). Sit web URSEP a te esplike pwojè ki reyalie ak prè BID te pral fonksyone sou baz regleman yon “TARIF”, ki te pral “baze sou prensip efikasite ekonomik, validite finansye ak jistis sosyal.”¹⁰⁹ Site web URSEP te kontinye eksplike ke tarif peman an yo te pral “baze sou volim,” e ke yo te pral mete kontè nan chak koneksyon, ke se te nan koneksyon kyos ke se te nan koneksyon kay.¹¹⁰ Emmanuel Dorval ki nan URSEP te yon jan modifie prensip la e li te eksplike ke tarif la pou moun ki ka peye plis yo te pral possibleman genyen kèk frè an plis pou ede Ayiti peye prè BID yo, alòske kay ki pi pòv yo te pral peye sèlman tarif ki koresponn a fonksyonman sistèm dlo a.

Yo dwe modifie prensip peman pwogresif la anvan yo reyalize li an Ayiti. Modifikasyon ki ka nesesè ka gen pou detèmine ki kantite debaz dlo gratis pou moun ki pòv, deside kijan pou sibvansyone dlo ant moun ki gen gwo revni e moun ki gen revni ki ba, e sibvansyone dlo pou itilizatè ki gen revni ki ba yo..¹¹¹

IV. FOKIS KOMINOTÈ: ETID SOU DWA POU JWENN DLO NAN PÒDPÈ (PORT-DE-PAIX)

A. ENTRODIKSYON

Rive nan ete 2007, kote etid sa a te kòmanse, te gen yon kantite enfòmasyon limite sou kapasite Ayisyen pou yo jwenn dlo potab nan zòn ki te ka benefisyé de prè sektè sosyal BID yo. Yo te fè kèk rechèch onivo tout peyi a sou fason moun jwen dlo pwòp, men done sou rechech sa a pat separe pa minisipalite e pat wè zafè gen dlo a kôm yon dwa moun genyen.¹¹² Pou te adrese mank done anpirik sa a, etid la te eseye dokimante sistematikman vyolasyon dwa moun pou jwenn dlo nan Pòdpè (Port-de-Paix), Ayiti, jan yo defini nan estanda legal dwa moun entènasyonal yo. Pi espesifikman, etid la te evalye si moun te ka

jwenn dlo a, si yo te ka peye dlo a, e si te gen yon bon kalite dlo ak bon kantite dlo akseptab. Anplis, etid la te vize pou dokimante twòp pwoblèm oubyen diskriminasyon kèk gwoup te jwenn (tankou timoun ak fanm) nan kesyon dwa pou yo jwenn dlo. Etid la te eseye dekri tou efè sante ki te pi prevalan nan kote kalite dlo a te gen plis pwoblèm (tankou nivo elve maladi dyare, mòtalite nan mitan timoun (mòtalite enfantil), eksétera).

B. METOD

Pòdpè (Port-de-Paix) se yon vil kotyè nan rejyon nòdwès Ayiti. Li se kapital *Depatman Nòdwès (Département du Nord-Ouest)*. Popilasyon Pòdpè (Port-de-Paix) a grandi rapidman akoz pwoblèm ibanizasyon. Anplis, dapre estimasyon nasyonal yo, li posib ke prèske 23,000 timoun ki gen pi ba pase 5 lane ap viv nan vil la.¹¹³

Etid la te sèvi ak metòd kantitatif – ki baze sou chif- ak metòd kalitatif. Nou te fè yon ankèt nan plizyè kay nou te chwazi san metòd nan zòn etid la pou te kolekte done kantitatif. Nan metòd kalitatif yo, te genyen obsèvasyon patisipan yo, entèvyou dirèk ak diskisyon gwoup sou yon sijè ak manm kominate yo ak enfòmatè enpòtan ki abitye ak sistèm dlo yo nan Pòdpè (Port-de-Paix). Anplis, nou te apiye done nou te pran sou kay yo ak done kalitatif nou te pran nan fè entèvyou medikal an pwofondè ak yon dezyèm gwoup kay nou te chwazi san metòd. Etid sa a te pèmèt nou bay enfòmasyon sou enfrastrikti dlo a nan Pòdpè (Port-de-Paix) e konsekans li sou popilasyon lokal la. New York University Committee on Activities Involving Human Subjects (UCAIHS), yon komite Inivèsite New York ki gade aktivite ki gen rapò ak moun, te revize e apwouve konsèpsyón etid la ak pwotokòl konsantman an.¹¹⁴ Yon deskripsyon pi detaye metòd etid la disponib nan rapò konplè a.¹¹⁵

1. Ankèt nan kay yo

Nou te sèvi ak ankèt la nan yon seri gwoup kay nou te chwazi paraza nan Pòdpè (Port-de-Paix), nan zòn ki te pral ka benefisyé de amelyorasyon enfrasrikti dlo a si yo te debloke prè BID yo an 2001. Tès gwoupman kay sa yo te deside ak yon zouti sistèm pozisyonman global (GPS an angle) ki rele « Google Earth ». Nou te itilize Google Earth, pou te rekonèt pwen nan kat dijital Pòdpè (Port-de-Paix), dapre limit zòn nou estime ki te pral benefisyé pwojè dlo yo te pwopoze a. Kay ki te pi pre pwen GPS la te make, e kay sa a se te premye kay nou te mennen ankèt sou li nan gwoup kay nou te chwazi konsa yo. Anpre kay sa nou te chwazi 3 kay ki te pi pre 1 yo e kay sa a te vin konplete kantite echantyon gwoup kay pou nou te ankète yo. Si yon kay pat dakò pou li patisipe nan ankèt la, nou te fè ankèt la ak pi pwochen kay ki nan direksyon nò a. De nan gwoup kay nou te chwazi konsa yo yo pat gen anpil moun ladan yo. Donk nan 12 gwoupman kay ki te rete yo, nou te kontakte 49 kay e 48 te dakò patisipe nan ankèt la, sa ki te ba nou yo to akseptasyon apeprè 98 pouzan. Anplis, te gen enfomasyon ki te manke nan 3 kay, sa ki te kite nou ak yon echantyon reyèl de 45 kay. Konsepsyón kesyonè etid la te prepare, e eleman ki te landan li yo te soti pati nan endikatè-kle ak lis verifikasyon yo itilize nan Leta yo ak pou moun ki kontwole Leta e ki te devlope nan Centre on Housing Rights and Evictions (COHRE) – yon sant ki travay sou dwa lojman ak kondisyon yo mete moun deyò.¹¹⁶

2. Diskisyon an gwoup sou yon sijè

Nou te fè diskisyon an gwoup pandan 2 etap nan etid la: anvan nou te kòmanse reyalize ankèt nan kay yo, e yon fwa ankò nan konklizyon etid la. Rekòmandasyon nou te

resevwa nan men manm kominote a nan premye diskisyon an gwoup yo te pèmèt anketè yo yo adapte kesyonè ankèt la nan konteks lokal la. Anplis, diskisyon an gwoup yo te pèmèt nou kolekte plis enfòmasyon ak done kalitatif pi an pwofondè sou sitiyasyon dlo a nan nan Pòdpè (Port-de-Paix). Diskisyon an gwoup yo te bay yon espas pou patisipasyon kominotè ak reyakson sou objektif etid la.

3. Entèvyou an pwofondè istwa medikal

Pou konplete ankèt sou kay yo, etid la tou te genyen entèvyou an pwofondè sou istwa medikal patisipan yo, ki te ba nou yon konteks ki pi rich pou nou te ekzamine kijan sitiyasyon dlo a te afekte sante moun nan Pòdpè (Port-de-Paix). Echantyon zòn nou te chwazi pou entèvyou sa yo se te yon katye nan sid yon zòn komèsyal enpòtan vil la, e nan nò simityè a ak lopital la. Nou te seleksyone chak 10 kay pou yon entèvyou.¹¹⁷ Nou fè entèvyou ak yon total 160 moun nan 20 kay, nan echantyon an. Lè nou te fin jwenn estatistik sou chak kay, yon doktè ayisyen ki pale kreyòl byen te itilize yon kesyonè pou te poze tout manm fanmi a ki te la kesyon sou istwa medikal yo.

4. Analiz kalite dlo a

Kalite dlo a te teste ak yon zouti estanda pou teste dlo ki te akseptab pou teren an e ki baze sou estanda US Environmental Protection Agency (EPA) – ajans ameriken ki okipe kesyon pwoteksyon anvironman. H₂O Watersafe Test Kit –zouti pou teste dlo a- la te bay rezulta sou kalite dlo a.¹¹⁸ Pou ka sèvi objektif etid la, nou te chwazi nivo bakteri nan dlo a kòm endikatè ki te enterese nou. Analyze prezans oubyen absans bakteri kolifòm se yon medòd estanda pou evalye ki bakteri ki gen nan dlo, e ki montre tou nivo kontaminasyon fekal (poupou) ki ladan li. EPA te mete estanda pou nivo maksimòm kontaminasyon ak mikwòb yo a zewo, paske nenpòt ki kantite dlo kontamine sa yon moun vale, kapab koze pwoblèm sante negatif.¹¹⁹

C. REZILTA

Data anpirik te analyze pou 45 kay ki te seleksyone konsa nan Pòdpè (Port-de-Paix) pou patisipe nan yon ankèt sou dwa dlo. Ankèt la te sitou etidyé kantite dlo ki disponib, kalite dlo a, si moun rive jwenn dlo, e si moun ka achte li. Tablo 1 montre prezante done ki montre disponibilité dlo a, kantite ak kalite dlo a nan zòn etid la te fèt. 80% moun ki te reponn yo te di kantite dlo a te oubyen desann oubyen rete menm pandan 5 ane anvan ankèt la te fèt la, pandan 55.6% moun yo te di li te desann. Kantite mwayèn bokit dlo yo te itilize pa jou se sèlman 3 bokit pa jou, oubyen apeprè 15 galon dlo pa jou. Kantite mwayèn moun pa kay/ nan popilasyon nou te etidyé a se te 6.5 moun, sa ki te bay yon kantite 9.2 lit dlo (2.43 galon) pa moun pa jou an mwayèn, yon kantite ki definitivman pi ba ke kantite debaz ki nesesè pou moun siviv..¹²⁰ Malgre kapasite pou achte dlo a se te yon pwoblèm pou yon gwo majorite popilasyon an, 77.8% te rapòte yo pa t kapab jwenn dlo a kote yo konn abitye jwen li a, menm lè yo te gen ase kòb pou te achte dlo a, yo pa r jwenn li fasil

Tablo 1. Disponibilite/kantite ak kalite dlo: rezulta ankèt nan kay yo

<i>Kantite Dlo</i>		
Pousantaj (%) moun ki rapòte eta kantite dlo a nan pandan 5 dènye ane yo:	Li rete menm jan	24.4%
	Li diminye	55.6%
Kantite bokit dlo yo itilize pa kay pa jou	Kantite mwayèn	3 bokit

Pousantaj (%) moun ki pa kapab jwenn dlo nan kote ou konn jwenn li menm lè kay la gen kòb <i>Kalite dlo</i>	Pa kapab jwenn dlo	77.8%
Pousantaj (%) moun ki rapòte eta kalite dlo a nan 5 lane ki sot pase yo:	Rete menm jan Li diminye	35.6% 53.3%
Pousantaj (%) ki fè tretman dlo a nan kote yo pran li a (n=39)	Jamè Kèkfwa Souvan Dlo yo achte	33.3% 35.9% 15.4% 15.4%
Pousantaj (%) ki kapab jwenn materyèl tretman dlo a regilyèman (n=20)	Jamè Kèkfwa Souvan	20.0% 55.5% 25.0%
* Gwosè echantiyon an se 45 moun amwens nou ta bay yon lòt chif akoz done oubyen enfòmasyon ki ta manke oubyen kèk pati nan kesyonè a repondan yo te sote yon fason sistematik..		

Dapre rezulta ankèt la, 88.9% popilasyon an te rapòte kalite dlo a te desann oubyen te rete menm jan pandan 5 dènye lane yo, avèk 5.3 % ki te di kalite dlo a te vin pi mal. Sèlman 15.4% te rapòte kote yo te itilize dlo a, anpil fwa dlo a trete, kont 33.3% ki te di kote yo itilize dlo a, yo pa janm trete l. Preske 20% te di yo pa janm ka jwenn materyèl tretman dlo a yon fason regilye. Done sa yo koresponn ak rezulta tès dlo ekip anketè yo te fè: evalyasyon kalite dlo a nan 19 sit diferan nan Pòdpè (Port-de-Paix) te montre 14 te kontamine ak bakteri kolifòm (73.7%) – ki ka endike prezans matyè fekal. Nan 5 sit ki te teste negatif yo, 3 echantiyon te soti nan dlo trete ekip envestigasyon an te achte nan menm diferan revandè, e yon echantiyon te soti nan yon pi ki te kouvari e trete ak sèl, sa ki te fè dlo a te bon sèlman pou lesiv. Se yon sèl echantiyon dlo nou te pran nan yon kay ki te teste negatif pou bakteri kolifòm. Yon fanm nan kay sa a te di ekip ankete yo ke mèt basen prive sa a kote dlo a te achte a, te toujou fè kliyan yo konnen avèk anpil fyète ke li toujou trete dlo li a regilyèman. Yon pwen enteresan pou konsidere, se malgre majorite popilasyon an t ap obsèvè fason kondisyon dlo a tap agrave, se sèlman 24.4% ki te jwenn okazyon patisipe an piblik nan fason desizyon t ap pran nan reyinyon, nan gwooup katye, komite kominotè, eksetera, sou sistèm dlo nan Pòdpè (Port-de-Paix).

Tablo 2 (ki pi ba a) prezante done ki montre fason moun rive jwenn dlo nan zòn etid la nan Pòdpè (Port-de-Paix). Done yo montre pa gen anpil moun ke gen mwyan ale nan sous dlo ki trete: 8.9% te rapòte yo gen mwyan ale yon pi ki pwoteje; 6.7% te rapòte yo te gen yon koneksyon dlo tiyo piblik pandan senk dènye ane yo; 4.4 % te rapòte yo te gen yon koneksyon dlo tiyo ki nan yon kay; e 4.4% te achte dlo ki nan boutèy.¹²¹ An jeneral, sèlman 26.7% te gen mwyan ale nan yon sous dlo ki te trete. Majorite kay yo, (82.2 percent) achte dlo a nan yon basen prive, ki li menm resevwa dlo kamyon sitèn distribiye nan tout vil la. Baze sou tès ki te fèt pou detekte prezans oubyen absans bakteri kolifòm, dlo nan twa kamyon distribisyon dlo te tounen pozitif, sa ki te montre ke dlo a pa t bon pou moun bwè nan moman yo te vide li nan basen yo.

Tablo 2. Possiblite jwenn dlo: rezulta ankèt nan kay yo

Prensipal sous dlo pou sèvi chak jou ¹²²	Koneksyon dlo tiyo nan kay	4.4%
	Koneksyon dlo tiyo piblik	6.7%
	Pi ki pwoteje	8.9%
	Pi ki pa pwoteje	8.9%
	Koneksyon dlo tiyo prive	2.2%

	Dlo lapli	11.1%
	Rivyè oubyen sous dlo ki pa pwoteje	28.9%
	Dlo yo achte nan sitèn basen oubyen nan kamyon prive	82.2%
	Dlo yo achte nan boutèy	4.4%
Kantite fwa nou pran dlo pa jou	Mwayèn	2-3 fwa/jou
A kilè yo pran dlo a pandan jounen an	4:01 a.m.-7 a.m.	55.6%
	7:01 p.m.-10 p.m.	2.2%
	10:01 p.m.-1 a.m.	2.2%
	1:01 a.m.-4 a.m.	4.4%
Kantite tan sa pran pou pran dlo a	Mwayèn (n=43)	25-35 minit
	% 35 minit ou plis (n=43)	44.2%

Ankèt la te jwenn yon gwo majorite nan popilasyon an te jwenn dlo nan sous dlo ki pa amelyore. Anplis, rezulta yo montre popilasyon an pase yon bon kantite tan ak resous li ap bwote dlo: kay yo bwote dlo 2 ou 3 fwa (medyan) pa jou e kantite tan medyan pou chak vwayaj pou ale chèche dlo se 25 a 35 minit; 44.2% kay yo pase 35 minit oubyen plis. Sa lese antann kantite mwayen tan moun pase nan bwote dlo nan Pòdpè (Port-de-Paix) se ant 1è tan pou rive 1è tan edmi. Dapre OMS, lè ou gen yon pwen koleksyon dlo ki yon distans plis pase 100 mèt de kote kay yon moun ye, oubyen tan pou al chèche dlo a plis pase 5 minit, li pas sèten y ap ka bwote kantite minimòm dlo y ap bezwen pou yon moun pa jou, ki se 20 lit.¹²³ Pou 44.2 % popilasyon yo etidye a, koleksyon dlo a te 35 minit oubyen plis; donk, dapre estanda OMS, segman popilasyon sa a “pa genyen aksès a dlo”.¹²⁴

Kay yo te bwote dlo tou pandan lannuit oubyen trè bone nan maten, kote 55.6% te bwote dlo ant 4:00 a.m. e 7:00 a.m., e 4.4% te rapòte yo te kolekte dlo pandan lannuit ant 1:00 e 4:00 a.m. Se plis fanm ak granmoun nan kay yo ki te bwote dlo (57.8 %); an jeneral te genyen ti fi (44.4 %) oubyen ti gason (42.2 %) ki te plis ede yo. Ofèt, 19.2 % moun kite reponn yo te eksplike ke aktivite bwote dlo te anpeche oubyen ralanti timoun yon nan ale lekòl. Posiblite jwenn dlo pwòp nan lekòl yo te trè limite: 73.3 % te rapòte pa t gen dlo lekòl la, 55.3 % te rapòte yo te pote dlo lekòl la, e 60.5 % te achte dlo pandan yo te lekòl la.

Tablo 4 la bay done sou kapasite pou achte dlo – si li abòdab- nan zòn ankèt la; 60.0 % moun yo reponn nan ke pandan 5 dènye ane yo, pri dlo a monte e 17.8% te rapòte pri a te rete menm; 17.8 % te rapòte pri a te bese. Pri mwayen yon bokit dlo se te 5 goud (apeprè \$.13 ameriken). Yon kay estanda nan zòn nan ki te itilize apeprè 3 bokit dlo pa jou tap depanse environ 105 goud (environ \$2.65 ameriken) pa semèn, ki plis pase 10 % depans mwayèn kay la pou pwodui nesesè debaz, ki genyen manje, dlo, depans medikal, ak chabon pou fè manje (konsilte bwat 1 pou revni mwayèn yon kay Ayisyen yo). Anplis 86.7 % te rapòte ke gen de lè yo pat gen mwayen peye pou dlo; mank kapasite sa a te pèsiste menm pou moun ki depanse plis pase 1000 goud (environ \$25) pa semen pou kouvri bezwen debaz yo. Lè dlo a twò chè, moun yo ale nan Trois-Rivières oubyen nan Rivière Pòdpè (Port-de-Paix) ki ontamine anpil e ki chaje ak fatra pou yo ka reponn a bezwen dlo yo, e sa gen dlo pou bwè (31.1 %). Anplis, genyen kay ki sispann benyen (22.2%) oubyen kuit manje (26.7%) lè yo pa kapab peye dlo a.

Table 3. Possiblité pou jwenn dlo: rezulta ankèt nan kay yo.

Pri yon bokit dlo	Pri mwayèn	5 gourdes
Chanjman nan pri dlo a pandan yon peryòd 5 lane	Pi chè	60.0%
	Mwen chè	17.8.%
	Li rete menm	17.8.%
Eske gen de lè ou pa kapab peye dlo a?	Tout tan	20.0%
	Kèkfwa	66.7%
	Jamè	2.2%
	% pami moun ki depanse plis pase 1,000 goud sou bezwen debaz	91.3%
Rezon ki fè nou pa kapab peye pou dlo a	Twò chè	2.2%
	Lòt depans ki nesesè	2.2%
	Lòt pwoblèm ekonomik	84.4%
Kijan nou jwenn dlo a si nou pa ka peye pou li?	Rivyè	31.1%
	Nou pa benyen	22.2%
	Nou pa kwuit manje	26.7%
	Nou achte dlo a kredi	20.0%
	Nou mande zanmi oubyen vwazen	46.7%
Eske kay la depanse plis lajan sou dlo pase sou manje?	Wi	6.7%
	Non	93.3%
Pri dlo a koute pa semen	Estimasyon ki baze sou yon mwayèn 5 goud pa bokit e 3 bokit pa jou	105 goud
	Kòm pouvantaj mwayèn depans nan yon kay pou pwodui nesesè debaz	10%

*500 gourdes = \$14.22 nan dat 1/6/07 (nan moman enkèt la).

Paske moun pa ka jwenn dlo jan yo ta dwe e paske dlo a pa bon mache nan Pòdpè (Port-de-Paix), f è moun malad anpil. 84.4% kay yo te rapòte omwens sentòm yon maladi enfektye, tankou lafyèv (69.1%) ak dyare (19.1 %). Yo te dokimante omwens de lanmò nan 5 lane ki te pase yo; dapre manm fanmi nan kay la, moun sa yo te mouri paske yo pat geri de

maladi a. Yonn nan lanmò yo se te yon timoun 3 lane ki te entène lopital pou de jou ak yon lafyèv e li pat geri.

Patisipan yo te rapòte ke yo te konn pran sèvis sante nan men yon doktè oubyen yon enfimyè (86.7%) oubyen yon lidè relije oubyen yon doktè medsin tradisyonèl (11.1 %). Yon majorite swen medikal, an jeneral yo pa kapab suiv tretman yo preskri yo a a koz de depans sa mande (53.0 %). Nou te jwenn majorite kay yo pratike ijyèn debaz: 100% rapòte yo lave men yo apre yo fin itilize twalèt; 97.8% itilize dlo pou fè lesiv; 97.8% itilize dlo pou prepare manje. Nan kay nou te ankète yo, 93.3% rapòte yon benyen yon fwa ou plis pa jou; 100% rapòte yo lave men yo, ak 62.2 % ki lave men yo de ou plis fwa pa jou. Baze sou rezulta rapò a ki montre ke kantite mwayèn bokit dlo yon kay itilize pa jou se 3 bokit, li posib ke moun yo ekzajere kantite fwa yo lave men yo oubyen yo benyen, e sa ka lakôz enfòmasyon an byeze. Men, estimasyon sa yo montre tou ke popilasyon nou te etidye a gen yon nivo konesans rezonab ijyèn debaz.

Bwat 1. Kontèks possiblite pou jwenn dlo

Depans mwayen moun fè pa jou pou dlo se 2.3 goud. Baze sou PNB \$400 pa moun (14,200 goud Ayisyen), sa montre an mwayèn, popilasyon nou etidye a depanse apeprè 6 % revni li sou dlo pandan yon ane detèmine.¹²⁵ Men li enpòtan pou nou note, se pou yon dlo pa gen yon nivo kalite estanda. Pou depans mwayen moun fè pou dlo pandan period ankèt pou achte 20 lit dlo pa moun pa jou, (minimòm ki akseptab dapre OMS), chak fanmi ta dwe depanse anprensip apeprè 12 % revni anyèl yo sou dlo.¹²⁶

Pou mete enfòmasyon sa a an kontèks, pou yon fanmi 4 moun k ap viv nan nivo pòvrete nan Etazini (\$20,444 per year),¹²⁷ sa ta ka ekivalan pou mande fanmi sa a depanse prèske \$2,500 pa ane pou dlo yo.

Tablo 4. Rezulta entèvyou istwa medikal apwofondi yo¹²⁸

- Vil Pòdpè (Port-de-Paix) a gen yon gwo lopital piblik—*Hôpital Immaculée Conception*, kote yon bay tout swen sante sou baz yon frè pou sèvis la. Dlo pou bwè ak dlo pou benyen lopital la soti nan menm pi prive ki enfekte ki bay majorite dlo yo itilize nan.¹²⁹
- Entèvyou yo montre yon istwa tifoyid resan pam 2.5 % nan patisipan yo, e nan 15% nan kay kote ankèt yo te fèt.¹³⁰
- Plent pou vant-fè-mal te trè kouran, kote plis pase yon moun sou twa nan moun ki te reponn yo te rapòte sentòm gastrointestinal.
- 18 moun (plis pase 10%) te rapòte yon dyare aktif oubyen resan.
- 9 moun ki te reponn te rapòte sentòm parasitosis.
- 25 % kay yo pat gen okenn dlo nan moman entèvyou a.
- Nou te jwenn senk echantiyon dlo nan 20 kay ki te patisipe nan kesyonè sou sante a; tout te kontamine ak bakteri, menm de echantiyon dlo lapli, sa ki ta ka vle di ke vesò ki nan kay Pòdpè (Port-de-Paix) se de sous posib enfeksyon.
- Nan 160 moun ki te reprezante nan ankèt, mwens pase mwatye te rapòte yo te wè yon doktè nan senk dènye ane yo.

Done nou te kolekte nan istwa medikal apwofondi yo koresponn a done nou te kolekte nan ankèt nan kay yo. Sou 20 kay, 5 pa t genyen okenn dlo disponib nan moman entèvyou a. Anplis, nou te pran 5 echantiyon dlo konsa nan 15 kay ki te gen dlo e ki te patisipe nan entèvyou medikal apwofondi yo. 2 nan echantiyon yo te soti nan dlo lapli, e 3 te soti nan basen prive ki te resevwa yo nan kamyon-sitèn; toule 5 echantiyon yo te teste pozitif

pou bakteri. Twa kay te rapòte yon total 4 maladi, ke nou te rive idantifye apre anpil kesyònman sous istwa klinik ak tretman moun yo, kòm ka tifoyid ; donk 15% nan kay ki te entèvyouve yo rapòte yomenm de ka pwobab tifoyid. Yo te rapòte de ka lanmò nan 5 dènye ane yo pami 160 moun nou te rive jwenn istwa medikal yo – tou le de se te jèn moun ki siman mouri ak maladi enfektye.

Nan 160 moun ki te reprezante nan entèvyou istwa medikal yo, mwens pase mwatye te rapòte yo te vizite yon doktè nan 5 dènye ane yo. Kidonk, malgre done ankèt kay yo montre ke moun ki konn abitye bay swen sante a plis pase 85% patisipan yo, se pwofesyonèl ki gen fomasyon medikal, entèvyou kalitatif yo revele ke anpil nan patisipan yo pa kapab jwenn sèvis medikal regilyèman.

V. DWA POU JWENN DLO: ORIJIN AK SA KI DI NAN LALWA SOU SA

Jwenn bon kalite dlo nan bon kondisyon se yonn nan kondisyon ki pi fondamantal pou siviv. Se yon dwa, se yon elemannesè pou diyite moun. Dwa pou jwenenn dlo mache kôtakôt ak dwa pou jwen bonjan swen sante, dwa pou lavi, dwa pou gen yon bon nivo kalite lavi, dwa pou gen kay ki reponn a bezwen ou, dwa pou edikasyon ak dwa pou ka manje.¹³¹

Menmsi dwa pou jwenn dlo pa parèt aklè kôm yon garanti pou moun genyen oubyen souzantandi (enplisit) nan zouti sou kesyon dwa moun yo, Leta yo gen yon obligasyon parapçota lwa sou dwa moun pou li asire yo reyalize. Pou detèmine si dwa moun yo respekte, pwoteje e reyalize, gen twa faktè ki enpòtan ki pou la: disponibilite, kalite ak aksè.

- *Disponiblite* – Sa vle di gen dlo pou moun jwenn. Fòk kantite rezèv dlo pou chak moun sifizan, e fòk li regilye pou moun ka itilize li pou bezwen pèsònèl yo oubyen bezwen domestik yo. Itilizasyon an ka genyen ladan li jeneralman dlo pou bwè, pou sanitasyon, pou lave rad, pou prepare manje, pou bezwen pèsònèl ak ijyenik kay la.¹³² Nan Pòdpè (Port-de-Paix), 77.8% moun ki te reponn yo rapòte yo te gen ase lajan pou yo te achte dlo, men yo pa t ka jwenn dlo achte nan kote yo konn abitye jwenn dlo pou achte a.
- *Kalite* – Fòk dlo ki nesesè pou bezwen pèsònèl ak domestic la san danje; donk li pa dwe gen danje ki se yon menas pou santé moun.¹³³ 14 nan 19 sit nan Pòdpè (Port-de-Paix) yo te kontamine ak bakteri kolifòm (73.7%).
- *Aksè* – Fòk tout moun ka rive jwen dlo, sous dlo ak sèvis dlo yo san diskriminasyon. Aksè a, sa vle di kapab rive jwenn dlo a, gen kat dimansyon ki sipèpoze: aksè fizik, aksè ekonomik, non-diskriminasyon ak aksè a enfomasyon.¹³⁴ 86.7% moun ki reponn yon an Pòdpè (Port-de-Paix) te fèkonnen gen de lè yo pa t kapab peye dlo a.

Dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl, tankou dwa pou jwenn dlo, makonnen ak demokrasi, respè lalwa ak Devlopman.¹³⁵ An Ayiti, se Konstitisyon an-ki garanti respè , lwa entènasyonal yo, parapòta angajman reyjonal ak entenasyonal li pran ak kominote entenasyonal la, e lwa koutimye yo, pwoteje dwa sa yo.

A. DWA POU JWENN DLO PA PARET AKLE NAN KONSTITISYON AYISYEN AN

Malgre dwa pou jwenn dlo a pa garanti aklè nan Konstitisyon Ayisyen an, li gen yon garanti kanmenm paske se premye daw pou genyen ki pou garanti lòt dwa konstitisyon an rekonèt. Konstitisyon 1987 la pwoteje dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo.¹³⁶ Konstitisyon

an klè sou garanti dwa lasante, lojman ki akseptab, edikasyon, manje, sekirite sosyal ak travay.¹³⁷ Kidonk dwa pou jwenn dlo a se premye garanti ki pou pèmèt jwi tout lôt yo; chapit k ap swiv yo montre relasyon ki genyen sou kesyon Dwa pou jwenn dlo ak tout lôt dwa yo

1. Dwa pou jwenn dlo nan trete entenasyonal yo

Anplis pwoteksyon ki nan konstitisyon an, lwa entenasyonal yo rekonèt dwa pou jwenn dlo. Gwoup entenasyonal ak reyjonal dwa moun yo, tribunal nasyonal ak entenasyonal yo entèprete dwa pou jwenn dlo a kòm yon dwa ki rantre aklè nan lôt dwa moun, tankou dwa a lavi, dwa lasante, dwa pou gen yon nivo lavi akseptab, dwa pou manje, dwa pou lojman ak dwa pou edikasyon.¹³⁸ Dwa sa yo parèt aklè nan plizyè zouti Nasyonzini ak nan plizyè zouti reyjonal sou kesyon dwa moun Ayiti ak Etazini te ratifye. Ayiti, ak Etazini te ratifye Akò Entenasyonal sou Dwa Sivil ak Politik (International Covenant on Civil and Political Rights) ki pwoteje, *inter alia*, dwa a lavi, e tou de te siyen Akò Entenasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (International Covenant on Economic, Social and Cultural Rights), ki genyen, *inter alia*, dwa pou lojman, manje, sante, ak yon nivo lavi ki aksetab.¹³⁹

2. Dwa pou jwenn Dlo nan Lwa Koutimye Entenasyonal

Anplis de sous lwa domestik ak entenasyonal nou site pi wo yo, dwa pou jwenn dlo pwoteje nan lôt zouti legal entenasyonal. Zouti sa yo bay endikasyon itil sou nòm kominote entenasyonal la aksepte, e demonstre prèv yon volonte politik pou fè moun rive jwenn dlo kòm yon priyrite. Anplis, dispozisyon nan kèk zouti entenasyonal vin rive genyen nivo lwa koutimye entenasyonal, sa ki vin kreye yon obligasyon legal pou Leta yo.

Lwa koutimye entenasyonal soti nan yon konsansis ki klè ant Leta yo sou yon regleman legal, ki vin manifeste nan konpòtman jeneral Leta yo, ki mache ak yon konsans, yon obligasyon legal pou respekte règleman sa a, ki pote non *opinio juris*.¹⁴⁰ Komite Nasyonzini sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (The UN Committee on Economic, Social and Cultural Rights - “ESCR Committee”) te jwenn ke yon baz minimòm dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl te vin tounen lwa koutimye entenasyonal, e yo te vin kreye yon obligasyon pou tout Leta, depi li te siyen oubyen ratifye yon trete ki pwoteje dwa sa yo ; se pozisyon anpil entèlekyèl adopte.¹⁴¹ Anplis, lwa koutimye entenasyonal pwoteje dwa a lavi, e kòm yon eleman nesesè a dwa a lavi, dwa pou jwenn dlo pwoteje aklè nan dwa koutimye entenasyonal.¹⁴²

Pami zouti entenasyonal ki ka reflete lwa koutimye entenasyonal la, ki pwoteje dwa pou jwenn dlo, menmsi li pa parèt aklè nan tout ou jwenn Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, Deklarasyon sou Dwa Developman, ak Objektif Developman Milenè (Universal Declaration of Human Rights, the Declaration on the Right to Development, and the Millennium Development Goals).¹⁴³

VI. OBLIGASYON LETA YO POU PWOTEJE DWA AYISYEN POU JWENN DLO

Si pa genyen responsabilite, dwa legal yo p ap bay moun yo okenn pwoteksyon. Responsabilite pou reyalize dwa yo makonen ak tout dwa legal yo. Jeneralman, gouvènman chak Leta pote responsabilite pou li asire pwoteksyon ak respè dwa moun ki sou teritwa li, oubyen alò ki rantre anba jiridiksyon li. Obligasyon yon Leta pou fè respekte dwa moun

aplike tou lè Leta sa a ap aji kòm manm yon òganizasyon miltilateral oubyen entenasyonal tankou Nasyonzini oubyen Bank Mondyal.¹⁴⁴ Nan sans sa a, manm kominote entenasyonal yo pote yon pati nan responsablite pou fè respekte dwa moun endividéyelman a travè lemonn.

Obligasyon Leta pou fè respekte dwa moun baze sou lalwa nasyonal, rejjonal ak entenasyonal – ki yo tout kodifye nan trete e devlope nan lwa koutimye entenasyonal. Seksyon sa a konsantre sou lwa entenasyonal dwa moun ki anndan trete yo. Lè yon gouvènman dakò pou li konfòme li a yon trete entenasyonal dwa moun, gouvènman sa pran responsablite yon seri obligasyon ki angaje li. Lè yon Leta *sijen* yon trete, Leta sa a oblige evite nenpòt ki aksyon ki ta ka kontré ak entansyon ak objektif trete sa a, e lè yon Leta *ratifie* yon trete, Leta a aksepte devwa ki nan trete a, e oblige pran aksyon touswit pou fè aplike dwa ki nan trete a.¹⁴⁵ Anplis, menm si yon Leta pat syen oubyen ratifie yon trete dwa moun, li toujou genyen obligasyon ki soti nan lwa koutimye entenasyonal, ki pwoteje dwa moun ki pi fondamantal yo, e ki yon manyè jeneral, konsène tout Leta yo.

A. KALITE DEVWA YO

Trete dwa moun yo jeneralman presize 3 differan kategori devwa ki gen rapò ak dwa ki tabli nan trete a: responsabilite pou respekte, responsabilite pou pwoteje, responsabilite pou ekzekite.

- i) *Respè* – obligasyon *respekte* a mande pou gouvènman yo pa twoouble oubyen entèfere dirèkteman oubyen endirèkteman nan fason moun ap jwi dwa yo.
- ii) *Pwoteje* – obligasyon pou *pwoteje* a mande pou gouvènman yo prevni lòt moun vyole dwa moun. Sa vle di leta dwe pran aksyon pou prevni, envestige, e pini moun, konpayi oubyen lòt gwoup ki vle atake dwa moun endividéyelman.
- iii) *Ekzekite* – obligasyon *ekzekite* a mande pou gouvènman yo adopte nenpòt mezi ki nesesè pou rive reyalize totalman dwa moun pou tout moun. Sa vle di yo pral mande gouvènman yo pou yo bay sibvansyon, sèvis, oubyen lòt asistans dirèk bay moun ki pi fèb oubyen ki pi nan bezwen yo nan yon sosyete lè yo pa gen lòt mwayen pou yo jwenn dwa sa yo.

B. OBLIGASYON GOUVENMAN AYITI

Gouvènman Ayisyen an responsab an premye pou li garanti e respekte dwa tout moun Ayiti.¹⁴⁶ Tout Ayisyen *gen dwa*, gen yon kantite avantaj byen espesyal, e leta ayisyen, an premye *moun/gwoup gen obligasyon garanti avantaj sa yo*. Enkapasite anpil ayisyen pou yo jwenn menm pi piti nan avantaj sa yo vle di ke yo retire ayisyen dwa konstitusyonèl li nan domèn sosyal ak ekonomik, e lòt dwa ki soti nan trete ki garanti dwa sivil ak politik debaz tankou dwa a lavi, libète pèsonèl ak sekirite.¹⁴⁷

Konstitusyon ayisyen an mande pou gouvènman an rekonèt e pwoteje dwa ayisyen pou yo jwenn la sante, lojman desan, edikasyon ak manje.¹⁴⁸ Paske dwa pou jwenn dlo se yon pati enpòtan nan dwa sa yo, gouvènman ayisyen an gen yon responsabilite pou li asire dwa jwenn dlo a respekte totalman nan ansanm lwa ak politik nasyonal li yo. Yon estrateji nasyonal dlo dwe elabore kijan dwa pou jwenn dlo a dwe konkretize e li dwe genyen objektif, politik ak delè presi pou li ka aplike.¹⁴⁹

Ayiti fè pati ICCPR, CEDAW, CRC, Regleman OEA yo, ak Konvansyon Ameriken an; li responsab donk tout obligasyon ki anndan chak trete sa yo. Gouvènman Ayisyen an te

siyen, san li po t ko ratifye Kontra Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl ak Pwotokòl San Salvador (International Covenant on Economic, Social and Cultural Rights and the Protocol of San Salvador) ki tou le 2 bay lis plizyè nan dwa ki pale nan rapò sa a; kidonk trete sa yo pa angaje gouvènman Ayisyen an. Men kòm yon siyatè, Ayiti gen pou obligasyon pou evite aksyon ki ka defèt entansyon ak objektif trete sa yo.¹⁵⁰ Anplis, etandone Konstitisyon Ayisyen an pwoteje dwa lasante ak dwa manje moun, gouvènman Ayisyen an gen yon obligasyon pou asire satisfaksyon - omwens – nivo minimòm ki esansyèl pou chak dwa sa yo, e dwa pou rive jwenn dlo se yon pati entegral dwa sa yo.

Rechèch nou pa t jwenn okenn prèv ki montre gouvevènman ayisyen an te volontèman anpeche moun rive jwenn dlo, yon aksyon ki te ka rive fè moun pèdi lavi yo. Olye sa, genyen endikasyon gouvènman ayisyen an te travay ak resous li genyen pou rive pote dlo pwòp nan plizyè kominate nan peyi a. Gouvènman Ayisyen kontinye gen obligasyon kan mèm pou li pran tout mezi ki nesesè pou li respekte, pwoteje ak reyalize dwa dlo an Ayiti. Sa mande pou li chèche èd entènasyonal ak koperasyon tout kote sa posib, e pou li itilize resous ki disponib yo pou travay pou tout moun ka jwenn dlo rapid rapid

C. **OBLIGASYON KOMINOTE ENTENASYONAL LA**

Aplikasyon Lalwa sou kesyon dwa moun se pa sèlman responsabilite gouvènman Ayisyen an. Pandan gouvènman an se li menm ki dwe garanti an premye dwa Ayisyen, kominate entènasyonal la pa rete san obligasyon e li genyen yon wòl vital pou li jwen pou asire respè debaz Ayisyen.¹⁵¹

Obligasyon respekte trete sou kesyon dwa moun pa sèlman dwe aplike ann dan teritwa Leta ki ratifye yo, men tou andeyò fwontyè yo tou, a travè konsèp jiridiksyon an,¹⁵² e nan aksyon Leta sa yo tou kòm manm kominate entènasyonal la. Sa vle di Leta yo dwe pwoteje dwa tout moun ki nan teritwa yo oubyen anba jiridiksyon yo, e asire aksyon yo o nivo entènasyonal koresponn ak obligasyon yo pou pwoteje dwa moun.¹⁵³ Pou sa ki gen rapò ak dwa pou moun jwenn dlo, dènye obligasyon sa a vle di Leta yo dwe evite “aksyon ki ka jennen, dirèkteman oubyen endirèkteman, posiblite pou moun jwi dwa pou jwenn dlo nan lòt peyi.”¹⁵⁴

Aksyon yon leta onivo entènasyonal kapab pran diferan fòm, men sa ki pi enpòtan nan atik sa a, se sitiyasyon kote kèk Leta aji pou kont yo onivo entènasyonal e lè yo aji kòm manm òganizasyon entènasyonal, espesyalman kòm manm enstitisyon finansman entènasyonal (EFE/ IFI an anglè). Dwa moun nan plizyè kote nan lemon – e pam yo dwa pou moun jwen dlo- dirèkteman sibi konsekans aksyon kèk Leta pran onivo entènasyonal a travè òganizasyon entènasyonal, pwogram devlopman, e pi enpòtan nan atik sa a, enstitisyon finansman entènasyonal (EFE/IFI) yo. Rekòmandasyon Maastricht yo (The Maastricht Guidelines), ke ekspè entènasyonal dwa moun devlope pou klarifye ki aksyon yon Leta kote ki gen vyolasyon dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl moun, declare ke devwa Leta yo pou pwoteje dwa moun rive tou nan “partisipasyon yon an òganizasyon entènasyonal yo, kote y ap aji kolektivman.”¹⁵⁵

Aksyon IFI yo pran, nan fason Leta manm yo otorize yo, kapab dirèkteman ede nen fè respekte dwa moun yo, a travè pa ekzanz finansman konstriksyon enfrastrikti ki nesesè pou distribye ak trete dlo a. Yon lòt kote, aksyon EFE yo pran, kapab atenn kapasite pou moun yo jwi dwa moun yo, lè pa ekzanz, gen ekzijans ki fèt pou gouvènman yo redwi sou

pwogram sosyal yo oubyen privatize sèvis esansyèl yo kòm yon prekondisyon pou resewva fon oubyen frè. Nan ka sa yo, aksyon EFE yo kapab jennen objektif Leta sa a vize pou li ranpli obligasyon respè dwa moun li.¹⁵⁶ Pou yo kapab asire aplikasyon dwa pou jwenn dlo a yon fason kòrèk, fòk yo fè Leta manm EFE yo reponn a aksyon yo pran a travè EFE yo ki genyen yon konsekans dirèk sou kesyon dwa moun ki rete andeyò teritwa pa yo.¹⁵⁷ O minimòm, Leta manm yo dwe respekte devwa yo pou yo *respekte* dwa moun nan aksyon yo kòm man EFT yo.¹⁵⁸

Komite Dwa Ekonomik Sosyal ak Kiltirèl yo (DESK Komite),— ki responsab pou entèprete ak swiv kijan yo respekte ICESCR la— te fè konprann aklè Leta yo gen obligasyon vizavi dwa moun lè y ap aji kòm manm EFE yo.¹⁵⁹ Nan kesyon dwa pou jwenn dlo a espesyalman, Komite a te note nan Kòmantè Jeneral No 15 (General Comment No. 15), “Leta manm ki nan enstitisyon finansman entènasyonal yo, espesyalman Fon Monetè Entanasyonal, Bank Mondyal, ak Bank Developman Rejyonal yo, dwe pran mezi pou asire dwa moun pou jwenn dlo respekte nan regleman prè yo, nan akò kredi yo ak lòt mezi entènasyonal.”¹⁶⁰ Leta manm BID yo rantre anndan kategori sa yo, e kòm manm, yo asire yo Leta ki manm BID yo pa pran aksyon ki pèmèt moun jwi dwa yo pou yo jwenn dlo. Kòmantè Jeneral No 15 (General Comment No. 15) eksplike pi lwen “dlo pa dwe janm itilize kòm yon zouti presyon politik ak ekonomik.”¹⁶¹

Natirèlman, Leta yo genyen obligasyon pou fè respekte dwa moun sèlman paske yo siyen yon trete pou yo respekte obligasyon sa yo, oubyen paske lwa entènasyonal rekonèt obligasyon sa yo. Anpil nan Leta manm EFE yo te ratifye trete debaz respè dwa moun. An reyalite, majorite manm Gwoup Bank Mondyal ak Fon Monetè Entanasyonal (FME) yo se manm ICESCR ak ICCPR tou, e anpil nan Leta sa yo ekzèse de gwo pòsyon dwa vote yo avèk detèminasyon.¹⁶² ICCPR te ratifye lajman— menm pa Etazini — e yo ka konsidere li bay pwoteksyon pou dwa pou jwenn dlo kòm yon eleman nan dwa lavi, ki se yon dwa santral pou ICCPR. Anplis, tout peyi Inyon Ewopeyen yo te ratifiye ICESCR la, ki fè yo oblige respekte pwovizyon li yo. Byen ke Etazinin pa ratifye ICESCR la, li te siyen trete a, donk li dwe sispann aji yon fason ki ka sabote objektif ak fonksyon trete a.¹⁶³ Anplis, anpil Leta manm BID yo se manm Òganizasyon Eta Ameriken yo (OEA) kote Leta yo kapab ratifye trete rejyonal, tankou Konvansyon Ameriken oubyen Pwotokòl San Salvador. Anplis desa, jan sa te diskite anvan an, eleman debaz minimòm dwa ekonomik ak sosyal pi enpòtan yo konsidere kòm lwa entènasyonal koutimye, ki genyen efè menm sou eta ki pa ratifye yo, tankou Etazini.

Aksyon Etazini poze nan bloke prè developman BID te mete a kote pou pwojè dlo Ayiti yo se yon vyolasyon dirèk respè dwa moun li ye.¹⁶⁴ Pèp ayisen an te viktim nan de fason akoz aksyon sa a. Ayiti soufri akoz blokaj prè yo, ki esansyèl pou developman sektè dlo a. Anplis de sa, Ayiti sèvi ak bidjè li pou peye aryere, nan espwa yo te pral debloke prè yo, e BID te pral kenbe pwomès li pou reyalize pwojè dlo yo. Kidonk blokaj prè yo vin genyen konsekans pi grav sou pèp Ayisen an, paske non sèlman yo refize Ayiti prè yo, men tou li vin rete san fon ki te nesesè pou l reyalize pwòp pwojè sosyal pa li ak bidjè li. Nan ka sa a, akoz aksyon li, Etazini te kontrye nèt kapasite Leta Ayisen an pou respekte dwa Ayisen genyen pou l jwenn dlo, ki fè li te manke a devwa li pou li respekte dwa popilasyon an. Yon mank respè parèy, etandone entansyon ak objektif trete a kidonk sa Etazini limenm siyen oubyen patisipe kòm leta manm, kont Ayiti se yon vyolasyon klè lwa entènasyonal yo..

VII. REKOMANDASYON: ADOpte YON APWOCH KI BAZE SOU DWA MOUN

Pandan plizyè ane, BID te bloke prè ki te espesyalman prevwa pou pwojè dlo an Ayiti, sa ki te poze konsekans grav. Atik sa a dokimante konsekans sa yo e demontre kijan lè yo bloke prè sa yo, sa dirèkteman sabote kapasite gouvènman an pou li respekte, ak ranpli devwa li nan kesyon dwa pou moun jwenn dlo. Pandan gouvènman an se premye responsab pou asire dwa sa a, lòt aktè enpotan, tankou enstisisyon finansman entènasyonal yo (IFI), eta etranje yo, òganizasyon non-gouvènmantal ak konpayi prive yo gen yon wòl pou yo jwe nan rezoud kriz dlo Ayiti a. Pou asire yon solisyon dirab, nou rekòmande ke anplis gouvènman aysyen an, tout lòt aktè sa yo adopte yon apwòch ki baze sou respè dwa moun pou devlopman ak reyalizasyon pwojè dlo. Yon apwòch konsa ap amelyore kapasite gouvènman Ayisyen an pou bay sèvis sa yo, e l ap ogmante dwa popilasyon an pou kapab jwen dlo ki san danje e an kantite sifizan.

Seksyon sa a bay yon esplikasyon rezime yon apwòch devlopman ki baze sou respè dwa moun, e fè kèk konsiderasyon sou sa apwòch sa a vle di pou sekirite dlo an Ayiti.

A. APWOCH KI CHITA SOU RESPEDWA MOUN¹⁶⁵

Yon apwòch devlopman ki chita sou respè dwa se yon kad konseptyèl ki baze sou lwa dwa entènasyonal moun ak metodoloji. Li entegre nòm, estanda ak prensip lwa dwa entènasyonal moun nan plan, politik ak pwosesis devlopman. Dapre lwa entènasyonal, chak leta dwa respekte, pwoteje e reponn a dwa moun k ap nan jiridiksyon li. Pou yon eta territoryal, (nan ka sa a, Ayiti), gouvènman an responsab pou fè respekte dwa moun, grasa mwayen tankou tribunal, pwosesis elektoral ak dialog ak sosyete civil la. Men, nan peyi tankou Ayiti, ki trè andete e ki depann de èd etranjè pou yon gwo pòsyon nan finansman yo, lòt aktè non-etatik ak lòt peyi enfliyanse anpil fason moun jwi dwa yo. Aktè sa yo dwe montre rezulta patisipasyon yo sou dwa moun nan peyi pòv, menm si nan majorite ka yo estanda ak mwayen pou verifye sans responsablite yo pral diferan ak mwens dirèk pase jan gouvènman Ayisyen an ka reyalize li.

Pou elimine tout possiblite separasyon ant pwoteksyon ak sans responsablite a, tout aktè ki enfliyanse fason pou moun jwi dwa yo an Ayiti, dwe adopte yon apwòch devlopman ki baze sou respè dwa. Yon apwòch devlopman ki baze sou respè dwa pran avantaj sou devwa Leta genyen sou kesyon lwa dwa entènasyonal moun, e rekonèt ke òganizasyon entè-gouvènmantal, òganizasyon non-gouvènmantal ak sektè prive a dwe sipòte kapasite Leta ki pòv yo pou yo ranpli devwa respè dwa moun yo. Malgre yon apwòch ki baze sou dwa moun mande patisipasyon plizyè aktè, se moun nan ki se objektif prensipal li. Objektif final you apwòch ki baze sou dwa moun, se rive bay moun yo pouvwa pou yo chanje pwòp vi pa yo – gras a aksyon pa yo, e a travè enstisisyon ki reprezante yo oubyen ki enfliyanse vi yo, Yon apwòch ki baze sou respè dwa moun ede sa fèt, paske li mande anpil lòt kondisyon, pou yo konsilte popilasyon an regilyèman sou kesyon devlopman – kote yo ka bay lide yo sou konsepsyon pwojè yo, e asire yo fè modifikasyon ki nesesè pou pèmèt yo jwenn rezulta maksimòm nan kesyon respè dwa moun. Yon apwòch ki baze sou respè dwa moun pèmèt yo tandé e koute vwa pèp Ayisyen an nan koulwa gouvènman, nan ajans ak òganizasyon prive yo entènasyonal yo ki enfliyanse kesyon dwa moun yo. Men yon estrateji pou bay moun ki gen dwa yo kapasite pou yo mande dwa sa yo ka fè sèlman yon pati nan travay la – yon gouvènman dwe reponn a obligasyon li pou li fè aplike respè dwa moun pou popilasyon

li a, e ajans entènasyonal yo pa kapab sabote plan yon gouvènman pou li ede popilasyon an jjwi dwa sa yo, jan sa dokimante nan atik sa a.

Pou sa ka fèt, bay moun ki gen dwa yo se sèlman yonn nan senk gran prensip yon apwòch devlopman ki baze sou dwa baze:

- *Bay moun yo pouwva pa yo:* Yon apwòch ki baze sou respè dwa moun chanje diskou devlopman charite a pou moun yo ka deside sa ki bon pou yo. Olye yo gade ajans kap fè donasyon yo kòm filantropis, yo gade moun kap benefisyé asistans devlopman an kòm moun ki gen dwa. Pouwva nan relasyon an vin pase de moun/gwoup ki gen devwa yo, ki gen responsabilite pou kreye mwayen pou moun jwenn dwa yo, a gwoup ki gen devwa yo, ki kounye a pa moun k ap resevwa donasyon charitab, men moun ki rive jwenn sa yo sipoze resevwa legalman.
- *Endivizibilité ak Entèdepandans¹⁶⁶:* Yon apwòch ki baze sou dwa moun konsidere tout aspè yon seri dwa ki endivizib, entèdepandan e ki makonnen youn ak lòt (sivil, kiltirèl, ekonomik, politik, ak sosyal) e yo rekonèt ke yon politik ki gen konsekans sou yon dwa pral nesesèman gen konsekans sou lòt dwa yo.
- *San-diskriminasyon e Atansyon a Gwoup ki pi Fèb yo:* Yon apwòch ki baze sou respè dwa vle di pou chak patisipan yo mande: ki moun ki pi fèb, e sou ki baz? Yo dwe bay yon atansyon espesyal a gwoup yo konn abitye kite a kote lè y ap pran desizyon politik yo, e yo konn refize bay sèvis debaz.
- *Sans responsabilite:* Yon apwòch ki baze sou respè dwa idantifye moun ki gen dwa yo, a kisa yo gen dwa, e moun/gwoup ki gen devwa yo e ki responsablite yo. Apwòch la gade obligasyon pozitif moun ki gen devwa yo (pou pwoteje e pou ranpli devwa yo) e obligasyon negatif (pou respekte, oubyen pou evite fè vyolasyon). Nan yon apwòch ki baze sou dwa, devlopman an sispann rete baze sou charite, e li tounen pito yon obligasyon dwa moun, ki ekzije moun/gwoup ki gen devwa yo, vin responsab. Sans responsablite a tonbe dabò sou gouvènman Ayiti a, men tou li gen rapò ak eta donatè yo ak aktè prive yo (sa k ap bay sèvis publik yo) an fonksyon kalite objektif yo ak nivo obligasyon yo nan travay yo gen pou fè a. Sans responsablite a aplike nan tout nivo,— depi nan pi wo nivo moun k ap pran desizyon yo pou rive nan depatman oubyen nan moun ki rantre nan reyalizasyon pwojè a — nan tout etap devlopman li, tankou konsepsyón, otorizasyon, adopsyon, reyalizasyon, ak rezulta. Transparans endispansab pou rive genyen yo pi gwo nivo sans obligasyon responsabilite. Pa ekzanp nan ka eta donatè yo, pati ki gen enterè nan travay la dwe kapab jwenn enfomasyon sou distribisyón resous yo epi rezulta èd ki bay la pou analize efikasite li ak rive redwi koripsyon.¹⁶⁷
- *Patisipasyon:* Yon apwòch ki baze sou respè dwa mande pou moun ki gen devwa yo asire yo gen yon nivo patisipasyon nan sa k ap fèt nan kominate yo, sosyete sivil, minorite, natif peyi a, famm al lòt gwoup ki konn majinalize, oubyen mete sou kote. Patisipasyon sa a dwe aktif, lib e fòk li gen sans reyèl; kèk kontak ofisyèl ak moun ki benefisyé pwogram nan pa sifi pou fè li gen sans reyèl. An plis, fòk patisipasyon an fèt nan chak nivo pwosesis devlopman an, depi nan premye bilan bezwen yo ak idantifikasyon pwojè a, pou rive nan planifikasyon, reyalizasyon ak evalyasyon.¹⁶⁸ Nan ka gwoup ki pi fèb oubyen ki dezavantaje yo, patisipasyon an ka mande kèk aksyon pou redwi inegalite oubyen inegalite ki ekziste nan etrikti yo, e menm bay tretman preferansyèl a gwoup sa yo. Menm jan pou sans responsablite a, transparans nesesè pou ede e jwenn vrè patisipasyon.

B. APWOCH PWOJE DLO KI BAZE SOU DWA AN AYITI

Gouvènman Ayisyen an responsab an premye pou li asire dwa pou moun jwenn dlo a an Ayiti. Pou li kapab respekte obligasyon dwa entènasyonal moun, e pou li asire yon fondasyon solid pou dwa jwenn dlo an Ayiti, gouvènman Ayisyen an dwe devlope yon estrateji nasyonal dlo ki swiv yon apwòch ki baze sou dwa. Apwòch sa a dwe entegre senk prensip nou dekri anvan yo, avèk pou objektif pou rive konkretize dwa ki garanti nan Seksyon V ak VI. Estrateji a dwe ofri tou yon kad travay ki pran an konsiderasyon yon fason satisfezan wòl diferan aktè yo an Ayiti. Sètadi kominote entènasyonal la, akoz depandans Ayiti de asistans etranje, ak òganizasyon prive yo tou ki bay sèvis dlo. Yon estrateji konsa dwe konsidere tou kesyon fonksyònman pwoesisis la, tankou patisipasyon efikas moun yo ak plan reyalizasyon ki fezab. Avèk fondasyon sa a, tout aktè yo – leta yo, IFI yo, ONG yo, konpayi dlo prive yo- dwe respekte prensip estrateji nasyonal dlo ki pral genyen patisipasyon, transparans, ak mekanis san responsabilite. Apwòch sa a ap asire kòdinasyon gwoupk ap patisipe nan pwojè dlo Ayiti, avèk objektif pou ranfòse kapasite gouvènman an pou respekte, pwoteje ak reyalize dwa pou dlo.

Yon apwòch ki baze sou dwa pou devlope sektè dlo a Ayiti mande pou tout aktè yo entegre prensip ki mansyone anvan yo nan travay yo.

- **Patisipasyon:** Manm kominote yo dwe patisipe nan tout efò k ap fèt pou amelyore sitiayson dlo a; yo dwe konsilte yo pandan developman pwojè dlo a (espesyalman pou kesyon tankou kote to pral mete sous dlo a, disponibilite dlo a, prekosyon sanitè, delè reyalizasyon pwojè a, konbyen dlo a ap koute ak kalite dlo a). Yon patisipasyon efikas ekzije pou yo konsilte kominote a regilyèman nan developman pwojè a, e pou yo kontinye konsilte li regilyèman toujou pandan y ap reyalize pwojè a. Sa mande tou pou sou pwojè a fasil pou jwenn nan kominote a, pa ekzanp nan postè, reyinyon ak pwogram radyo. Patisipasyon sa a pral ede asire pwojè dlo yo ede bay pèp ayisyen an plis pouwva kòm moun/gwoup ki gen dwa, e ke pwojè yo reponn a bezwen yo yon fason ki akseptab e nesesè.
- **Transparans:** Genyen kèk etap ki sipoze pran pou bay plis transparans sou fason y ap travay sou dwa pou jwenn dlo an Ayiti. Pa ekzanp, paske gouvènman an pokon genyen kapasite pou li regularize sektè prive a, tout gwoup ki responsab distribisyon oubyen vann dlo, dwe responsab tou pou yo verifye sekirite sous kote yo pran dlo a regilyèman. Rezulta tès sa yo dwe piblik. Yon apwòch ki baze sou dwa mande tou transparans tout gwoup ki enplike nan developman ak nan reyalizasyon pwojè dlo. Sa vle di pa ekzanp, tout gwoup k ap bay dlo yo dwe bay rapò regilyeman sou nan ki faz pwojè a ye, e bay ominimòm, enfomasyon sa yo : lajan ki disponib pou pwojè a, lajan ki depanse, tan presi pou reyalizasyon aktivite yo ak pou fini pwojè a, e nenpòt ki chanjman nan premye plan pou reyalizasyon pwojè a. Kòm yon lòt ekzanp, gwoup entènasyonal yo dwe genyen sistèm transparans nan travay yo an Ayiti grasa piblikasyon ekri, oubyen lòt mwayen, ki dokimante etap reyalizason yon pwojè e detaye kijan y ap depanse e distribye lajan sektè dlo a.
- **Sans responsabilite:** Yon apwòch ki baze sou dwa mande pou chak gwoup kap reyalize pwojè a gen yon sistèm sans responsabilite kote manm kominote a ka rapòte pwobleme pwojè a. Sans responsabilite ki apwopriye pou travay sou dwa dlo an Ayiti dwe genyen ominimòm, sistèm pou korije pwoblèm pamit tout aktè yo, e sa vle di òganizasyon

entènasyonal yo, leta yo, IFI yo, ONG yo, ak gwooup prive yo. Mekanism sa yo dwe konsantre sou kominate lokal la e fòk yo ka rive jwenn yo fasilman. Sistèm sa yo tou dwe genyen yon sistèm transparans ladan yo, pou manm kominate yo ka konnen nan ki faz rapò pwoblèm ki te fèt la, oubyen ki plent ki te pote, e piblik la konnen kisa rezulta rapò sa yo oubyen rezulta plent sa yo te bay. Sans responsabilite se pa sèlman obligasyon moun/gwooup ki genyen dwa yo; gouvenman dwe kreye tou sistèm sans responsabilite anndan fonksyonman li nan estrateji nasional dlo li a, tankou jwenn de etap kle pou mezire jis nan ki nivo yo rive reyalize dwa pou jwenn dlo an Ayiti.

Dwa pou moun jwenn dlo te konpwomèt pandan twò lontan an Ayiti. Yon apwòch ki baze sou respè dwa se yon estrateji esansyèl, e pou rive byen reyalize, e pou rive byen kontwole yon pwojè developman, e sa valab pou pwojè dlo tou. An plis de gouvenman Ayisyen ki oblige mete sou pye yon apwòch ki baze sou dwa, tout gwooup ki enplike nan developman ak reyalizasyon pwojè dlo ka kontribye pou ede respekte dwa moun Ayisyen genyen, lè yo adopte kad travay sa a.

Etid sa te chèche aplike estanda sa yo e li te konsevwa apati yon apwòch ki baze sou dwa. Etid sa a te chèche non sèlman ranmase done, men tou li te eseye bay sitwayen nan Pòdpè (Port-de-Paix) plis dwa. Reyalizasyon etid sa a nan Pòdpè (Port-de-Paix) ak yon ti bidjè bay yon ekzanz sou fason apwòch sa a pa oblige mande yon pakèt resous ak tan, e li p ap retire lajan nan lòt pwojè developman ki nesesè anpil ; olyesa, apwòch ki baze sou dwa a pral bay kad travay ki nesesè pèmèt Ayisyen rive jwenn sa yo te refize l nètale pandan tèlman lontan – dwa l pou li jwenn dlo.

1. Pou yon kopi global rapò a, ale wè CHRGJ, RFK Memorial Center for Human Rights, Partners In Health ak Zanmi Lasante Wòch Nan Soley: The Denial of the right to water in Haiti (jen 2008). Tcheke sit Entènèt sila-a: http://www.chrgj.org/projects/docs/wochnan_soley.
2. D.C. Esty and P.K. Cornelius (eds), *Environmental Performance Measurement: Global Report 2001-2002* (New York : 2002). Tablo konparezon. Li disponib nan http://www.unesco.org/bpi/wwdr/WWDR_chart2_eng.pdf (yo te Konsilte li 29 Out 2008).
3. Konsilte pa ekzanp, M. Smartt Bell, *Toussaint L'ouverture: A Biography* (New York : Pantheon, 2007): p.
4. Konsilte pa ekzanp, C.L.R. James, *The Black Jacobins: Toussaint L'Ouverture and the San Domingo Revolution* (Penguin Books Ltd., 2001); L. Dubois, *Avengers of the New World: the Story of the Haitian Revolution* (Cambridge, MA: Harvard University Press, 2005). Konsilte tou, A. Bordes, *Évolution des sciences de la santé et de l'hygiène publique en Haïti* (Port-au-Prince: Centre d'Hygiène Familiale, 1980) : D.P. Geggus, *Yellow Fever in the 1790s: The British Army in Occupied Saint Domingue* (1979).
5. Konsilte Dubois (Konsilte nòt 4).
6. Byen ke elekson 1957 yo te pwobableman gen koripsyon, (anpil moun kwè lame ayisyèn nan te ede nan fose vòt yo), François Duvalier te genyen yon bon kou sipò popilè nan kòmansman an. Sa te baze sitou sou yon apèl politik *nvaris* li te lanse bay majorite Afro-ayisyen an. Yon klas milat ki gen po pi klè kontwole Haiti ekonomikman e politikman pandan istwa nasyon an. Dominasyon minorite sa a te vin ranfòse ankò apre okipasyon amerikèn nan, sa ki te pral vin prepare teren an pou monte Duvalier o pouvwa. Britalite ak rejim laterè *Tonton Makout* Duvalier yo, yon koripsyon ki te fin devaste peyi a, ak sipò Etazini (US) pou rejim Duvalier a kòm yon “baryè kont kominis amerik latin”, tou sa byen dokimante. Yo estime yo touye kèk 30,000 moun pandan rejim Duvalier a. Konsilte B. Diederich, *Papa Doc and the Tonton Macoutes* (Princeton , NJ : M. Wiener Publishers, 2005); E. Abbott , *Haiti: the Duvaliers and their legacy* (New York: McGraw-Hill, 1991).
7. Konsilte M. Lundahl, *The Haitian Economy: Man, Land and Markets* (London: Croom Helm,1983): p. 33; Jubilee USA Network/Institute for Justice and Democracy in Haiti.
8. Marie Clark, *Enslaved by Debt*, nan Let Haiti Live: Unjust US Policies Towards its Oldest Neighbor 173 (Melinda Miles and Eugenia Charles, eds., Coconut Creek, FL : Educa Vision Inc., 2004): p. 171-4.
9. S.C. Res. 940 , UN Doc. S/RES/940 (Jul. 31, 1994).
10. Clark (Konsilte nòt 8): p. 174. An 2000-2001, yo te fòse Haiti koupe nan depans sosyal li soti 3% a 2% nan Pwodui Nasyonal Brit li (PNB). Konsilte M. Schuller Institute for Justice and Democracy an Haiti, *Haiti's Debt: Progress Made but More Must be Done* (2007): pp. 1-2. Li dispoib nan <http://www.ijdh.org/pdf/headline5-17-07.pdf>.
11. Opozisyon a Aristide la te deklare elekson Novanm 2000 yo pat valab akoz kontestasyon kalkil pouvantaj pou elekson ki te refèt pou 7 syèj sena. Konsilte S. Lendman, “The Sorrow of Haiti,” Counter Punch (Oct. 18, 2005). Li disponib nan <http://www.counterpunch.org/lendman10182005.html>. Byen ke OEA (OAS) ak lò aktè te rekonèt ke elekson yo te yon gwo siksé an jeneral, Etazini (US), lòt gouvnèrnman ak organizasyon san bi likratif yo (NGO), e finalman OEA limenm te vin konteste metòd konte ki te itilize pou yo te ka deside gayan 8 syèj yo. Malgré 8 senatè yo te kite pozisyon yo yon ti tan apre inogirasyon Aristide, Etazini (US) ak plizyè lòt aktè te kontinye ap kesyone lejitimite gouvnèrnman Aristide la, sou baz enfraksyon elektoral minè sa a, byen ke li pat gen rapò ak kantite vòt Aristide te resevwa.
12. Bayè fon etranje yo te sispan yon èd omwens \$500 milyon dola pou Haiti. Konsilte, e.g., P. Farmer, M. Smith Fawzi and P. Nevil, “Unjust Embargo of Aid for Haiti” *The Lancet* 361/9355 (2003): pp. 420-23; F. Stockman and S. Milligan, “Before Fall of Aristide, Haiti Hit by Aid Cutoff,” *The Boston Globe* (Mar. 7, 2004).
13. Konsilte International Crisis Group, *Crisis Group Latin America/ Caribbean Report N°10, A New Chance for Haiti ?* , (Nov. 18, 2004).
14. Ministère de l'Economie et des Finances de la Republique d'Haïti, *Dette externe du secteur public* (2007). Li disponib nan http://www.mefhaiti.gouv.ht/downloadpdf.php?dwn=dette%20externe_sep07.pdf.
15. M. Schuller (Konsilte nòt 10)
16. Institute for Justice and Democracy in Haiti , *Haiti Debt Relief Conditions Add Injustice to Injury* (August 2007). Li disponib nan <http://www.ijdh.org/pdf/headline8-5-07.pdf>.
17. Pan American Health Organization (Regional Office of the World Health Organization), *Health Situation Analysis and Trends Summary: General Situation and Trends* (Washington, DC: 1999). Li disponib nan http://www.paho.org/english/dd/ais/cp_332.htm. World Health Organization, *Combating Waterborne Disease at the Household Level* (Geneva : 2007): p. 7. Li disponib nan http://www.who.int/water_sanitation_health/publications/combating_diseasepart1lowres.pdf.

18. Se *Salmonella typhi* ki koze lafyèv “anterik” key o rele lafyèv tifoyid. Centers for Disease Control and Prevention, *Typhoid Fever: Technical Information* (October 2005). Li disponib nan http://www.cdc.gov/ncidod/dbmd/diseaseinfo/typhoidfever_t.htm.
19. Senkant kat pousan (54%) populasyon ayisyen an viv ak mwens pase \$1 pa jou; 78% viv ak mwens pase \$2 pa jou. World Bank , *Haiti Country Brief* (March 2008). Li disponib nan http://web.worldbank.org/WBSITE/EXTERNAL/COUNTRIES/LACEXT/HAITIEXTN/0,,contentMD_K:21040686~pagePK:141137~piPK:141127~theSitePK:338165,00.html.
20. IDB a, ki gen 46 manm, konpoze de manm Organizasyon Eta Ameriken nou ak nasyon Ewòp yo, Amerik di Nò ak Japon. Bank Information Center , *An Introduction to the Inter-American Development Bank: A Fact Sheet for Civil Society Groups*, [apati de la, nap itilize “BIC Fact Sheet”]. Li disponib nan http://www.eartheconomics.org/resources/publication_documents/IDB_factsheet.pdf.
